

# ZVINHU ZVICHAZOVAPO



Kune Hama Boone neungano, uno mu—mukana wakanaka mukuru kwandiri kudzoka kuSan Bernardino zvakare. Nzvimbo ino inounza ndangariro huru dzemazuva akare. Uye kunzwa kuti, iko kushanya kwedu kuno, kuchiine runziro mhenyu, sei, zvinoita kuti unyatsonzwa kufara kuti Ishe vakatiunza nenzira ino, makore apfuura.

<sup>2</sup> Ndanga ndakangogara kunze uko kunosiiwa mota, nguva pfupi yapfuura, ndichiedza kurangarira chimwe chezviitiko zvakaitika. Paiva naMai Isaacson vaiva muturikiri wangu kuFinland, pamusangano wechiFinnish, uye vakauya kumotokari pandakanga ndava kuenda. Ndokuti, “Inzwi renyu kuFinland.” Zvino handizive kana Mai Isaacson vachigara nechekuno. Handaiziva. Zvichida vanogona kunge vasipo manheru ano, ndinofungidzira? Mai May Isaacson, uye vanobva kuFinland.

<sup>3</sup> Zvino chimwe chinhu chakatsaurwa chaunzwa mundangariro dzangu, mushandi wechikadzi wemurestorandi yandinodyira, pane imwe nzvimbo iri padyo, yavanoti Antlers Hotel. Ndinotenda ndizvozvo, zvino. Zvino mudzimai mudiki uyu aiva. . .Ndanga ndiri kunamata naye. Aiva. . .Iye, mudzimai mudiki akanaka, asi aisava Mukristu. Ndakamukoka kumusangano. Zvino akanga afirwa nemwana, uye ndinotenda kuti murume wake, vaiva vasingagare pamwe chete. Zvino tainamata kuti vadzokerane nemurume wake, kana kuti vaizogadzirisana, pamwe chete. Saka, handizive kuti mudzimai muduku iyeye anganga ari pano here. Maona? I. . .

<sup>4</sup> Zvino chimwe chinhu chakaitika, aiva mucheche akaunzwa kubva kumwe kunhu, kungatora zuva rose kutyaira. Uye akanga afa, akaradzikwa mumaoko aamai vacho. Zvino akadzoswa kuupenyu. Uya. . .Munhu uya aiva pano here? Zvino akauya, ndinotenda, kubva kunyika yekumusoro *uko*, kutenderera, ari nechekumusoro kuno. Zvino amai vadiki vakanga vatyaira usiku hwese, nababa vacho, uye mai vadiki vagere ipapo, vakasuwa, vakabata chitunha chakafa chidiki, chemwana wavo. Zvino ndakafunga, “Kutenda kwakadaro!” Dai ndaiva munyengeri mukurusa pasi pose, Mwari vaizoremekedza kutenda kwamai ava.

Ndakabata mwana mudiki uyu mumaoko angu, *seizvi*, ndichinamata. Akadziya, ndokutanga kupfakanyika, akavhura meso ake madiki. Ndakamudzoserera kuna mai vake. Saka, vaibva kune imwe nzvimbo. Handifunge kuti vaiva vechiPentekosti, zvino. Vaingova. . .Ndinotenda kuti yaingovawo imwewo chechi, uko kwaibva. . .Handizive kana vaitombova Makristu,

kana kwete. Handina kumbovabvunza. Ndakangofadzwa zvikuru nokuda kwemwana mudiki aive adzoswa kuupenyu zvakare.

Kubvira ipapo, Hama Boone, mvura dzakawanda dzadzika nerwizi. Asi tichiri kungoshumira Mwari mumwe chete uYo anoramba ari mumwe chete zuro, nanhasi, nokusingaperi.

<sup>5</sup> Ndichingotarisa-tarisa, ndaona Hama Leroy Kopp vagere pano. Ndekekutanga kuvaona mushure menguva refu. [Imwe hama inoti, “NdiPaul Kopp pano.”—Mupepeti.] Paul. Ndizvozvo. Leroy ndibaba vako. Ndizvozvo. [“Uye va—vari kuRussia, manheru ano, saka vanamatirei.”] O, ini zvangu! Russia. Zvakanaka, ndizvo, ndinoziva, uyu muuto ane humhare ariko, ari ikoko nebasa raMambo. [“Ndizvozvo.”] Saka, ndinofara zvikuru kuva pano nekunzwa mushumiri uyu wechidiki achiti akafemerwa neshumiro yatakava nayo pataiva kuno. Chinhu chinofadza zvikuru!

Uye ndinovimba zvino, kuti, tinoziva kuti tine... Vanhu vakamira, zvino hatisi kuzogara nguva yakareba. Tinorangarira shumiro huru dziya dzekupodzwa kwevarwere.

<sup>6</sup> Zvadaro, ndine kunzwisisa kwekuti pane ha—ha—hama munharaunda ino, pane imwe nzvimbo, ine mbuserere yekupodzwa kwevarwere, Hama Leroy Jenkins. Ndinotenda ndizvozvo. Uye saka ndinotenda zvikuru, ndichivimba kuti Mwari vari kumuropafadza nekumupa shumiro huru, yakakura. Ino...

Ini zvangu, ndanzwa kuremekedzwa zvikuru, manheru ano, kuuya muchechi yakaita seino. Ndinogara ndichinzwa zviri nane muchechi kupfuura mumaodhitoriyamu aya. Hapana chakaipa neodhitoriyamu. Asi, munoziva, ini... Inogona kunge ingori pfungwa, kana kuti ndinongo... Zvinoita sechokwadi kwandiri. Maona? Iwo... Munopinda mumaodhitoriyamu iwayo uko kunorwiwa, mutsimba, mitambo, nezvimwe zvinhu zvese zvichiitika, mweya yakaipa inoita sekugara munzvimbo dzakadaro. Zvino, izvozvo zvinogona kuita sepfungwa, asi handizvo. Asi paunouya muchechi, iwe... kazhinji, kunyanya ungoro yemweya, zvinoita sokunge, kuti, uno—unonzwa kusununguka, kunge pane—pane chimwe chinhu. Hupo hwaMwari hurimo. Unoziva, zvinoita sekusiyana. Handizive kuti manzwiwo akadini ari muchivakwa, asi ndeapo pakaungana vanhu. Hongu, vanhu vamwe chete vari kune imwe nzvimbo, asi panzvimbo dzakaipa dziya. Pamwe ndini ndiri kungofunga nenzira iyoyo. Asi, zvisinei, ndinofara kuva pano manheru ano.

<sup>7</sup> Uye zvino hatisi kuda kukuchengetai kwenguva refu, nokuda kweungano yakamira. Zvino tiri kuenda, mangwana manheru, kune imwe nzvimbo kuno. Handitombozive kuti iri kupi. Iri pedyo nepano. [Imwe hama inoti, “Orange Show Auditorium.”—Mupepeti.] Kupi? [“Orange Show Auditorium.”]

Orange Show Auditorium, kushumiro dzemangwana manheru. Ini...Iyi iri pakati, ndiri kunotaura pamusangano we— wevanamuzvinabhizimusi boka reFull Gospel Business Men. Iro, randakava nemukana wekuvaparidzira, kutenderera nyika. Zvino saka imomo, shamwari inokosha zvikuru yakatidana kuno, uye tinofara kuva muungano manheru ano.

<sup>8</sup> Zvino, tisati tavhura Bhaibheri...Zvino, chero munhu ane simba repanyama anogona kuRivhura nenzira *iyi*. Maona? Asi zvinotora Mweya Mutsvene kutizarurira Shoko, kuzarura kunzwisisa kwedu nekuzarura Magwaro. Ndinotenda muBhaibheri. Ndinotenda kuti iRo IShoko raMwari. Uye ndinotenda kuti nyika, kana kuti vanhu vepanyika, vachatongwa rimwe zuva neShoko irori. Zvino, zvingaita sezvisinganzwisisike. Zvino, pane vazhinji vanopesana nepfungwa iyoyo.

<sup>9</sup> Ndakanga ndichitaura neshamwari yangu yakatendeka kwazvo, nguva shoma yapfuura, anova muKatorike. Akati, “Mwari achatonga nyika maererano nechechi yeKatorike.” Kana zvakadaro, chechi ipi yacho yeKatorike? Maona? Saka, kana Achiitonga maererano neMethodisti, zvino ko veBaptisti? Maona? Kana Akatonga maererano neimwe, imwe yacho inorasika. Saka, pane mhirizhonga yakawanda ipapo.

Asi tinofanira kuenda kwaRiri, kuti tiwane gwaro redu— redu rechokwadi, uye Bhaibheri rinoti Mwari vachatonga nyika maererano naJesu Kristu. Zvino iYe ndiye Shoko. Mutsvene Johane 1, “Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko raive Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu.” Uye vaHebheru 13:8 yakati, “Ndiye mumwe chete zero, nhasi, nekusingaperi.” Zvino ndinozvhitenda kuva Chokwadi. Zvino, ndinotenda kuti muna...

<sup>10</sup> Mwari, pamavambo, ari Mwari asina magumo; Ane magumo uye...kana kuti haana magumo, waro. Isu tinoguma. Pfungwa yaKe yakaisvokurisa, zvino isu, mupfungwa yedu diki inoguma, hatigone kunzwisisa huchenjeri hwaKe hukuru, husina magumo. Asi naizvozvo, paAnotaura chero chinhu, zvingaita sezvisinganzwisisike kwatiri, kuMunzwa achitaura chimwe chinhu muMagwaro, asi zvinofanira kuitika. Ndinotenda kuti Mashoko aKe haamboparare. Naizvozvo, ndinotenda kuti Mwari, achiziva kuti isu mupfungwa dzedu diki taisakwanisa kududzira pfunga yaKe—yaKe huru, Anodudzira Shoko raKe pachaKe. Haadi mududziri. Anodudzira Shoko raKe pachaKe, kubudikidza nekusimbisa Shoko iroro mumwaka waRo.

<sup>11</sup> Ndinotenda kuti, Mwari, pamavambo, kuti Nowa aiva Shoko muzuva iroro, kuMharidzo yaKe.

Zvino, kwakazouya, mushure mazvo, Mosesi akauya. Zvino, Mosesi aisagona kutora Shoko raNowa. Aisagona kuvaka

chikepe ovayambutsa kubuda muEgipita, vachidzika neRwizi Naeri, kana kunyika yechipikirwa, kana zvakadararo. Mharidzo yake haina kushanda muzuva raNowa; chaiva chikamu cheShoko raMwari chakaratiidzirwa kuva Chokwadi naMosesi.

Naizvozvo Jesu aisakwanisa kuva neShoko raMosesi. Uye...Ruther aisagona kuramba akabatirira pashoko rechechi yeKatorike. Whisiri, aisagona kuramba akabatirira paShoko raRuther. Uye maPentekosti, vaisagona kutora Shoko reMethodisti. Ivo...Maona?

Kereke iri kukura. Zera roga-roga, rakatarwa muGwaro pano. Saka, Mwari, kubudikidza neMweya Mutsvene, vanoazarura Shoko raVo, nekuRiratidzira uye kuRisimbisa, pachaVo, kuratidza kuti IShoko raVo iVo riri kuzadzikiswa muzuva raRakavimbiswa.

<sup>12</sup> Jesu akataura kudaro. Akati, “Kana usingagone kuNditenda, tenda mabasa andinoita,” nokuti anopupura kuti iYe Aiva ani, munoono, dai ani zvake ainge achiziva Gwaro.

Zvino, Akauya zvisinganzwisike, zvakanatsosiyana, zvekuti vanhu vaisada kuMutenda, nokuti, “Iye, seMunhu, Akanga ari kuzviita Mwari.”

Saka, Aiva Mwari, muchimiro. “Mwari aiva munaKristu, achiyananisa nyika naYe pachake.”

“Zvino hapana munhu anogona kuita mabasa aya kunze kwekunge Mwari vainaye,” sekuziva kwatinoita kuti Nikodhimo akadararo. Kutu, Sanhedrin yaitenda izvozvo.

<sup>13</sup> Zvino, tinoziva kuti, Shoko iroro...Dai vaiziva Shoko! Akati, “Dai maiziva Mosesi, mungadai makaNdiziva, nokuti Mosesi akanyora nezvaNgu.” Zvino tinoona. Dai vakatarisa muRugwaro, kuona izvo Mhesiya aifanira kuita, zvino vangadai vakaMuziva kubudikidza nekusimbiswa, kuti, “Mwari, kubudikidza naKristu, aiZviyananisa nenyika,” nekuunza kuzadziswa kwevimbiso dzose dzaiva dzaMhesia, izvo zvaAifanira kuita. Jesu akazadzisa Shoko iroro, achiita kuti Shoko rezuva iroro rirarame.

<sup>14</sup> Zvino ndinotenda kuti ndicho chinhu chimwe chete chatiri kurarama machiri nhasi: Mwari vachisimbisa Shoko raVo, nekuzadzisa izvo zvaVakati Vaizoita. Zvino, tinoziva kuti rino ndiro zuva rerupneso, apo Mwari vari kudana vanhu kubva munyika, kubva kuhupenyu hwechivi, kuhupenyu hwekushumira. Zvino nezuva iro Mwari vakadurura Mweya waVo kubva Kumusoro, zviratidzo nezvishamiso zvikuru zvinofanira kuperekedzana neshumiro yezuva rino. Iyi ndiyo... apo mvura yekutanga neyokupedzisira ichinaya, pamwe chete. Uye tinoziva kuti panofanira kunge paine zviratidzo nezvishamiso zvikuru. Izvo, mumasangano makuru akawanda, Zvinorambwa.

Asi ndinotenda zvikuru nemisiwo iyi yakazaruka yandakawana, kupinda mairi, uye nekufemera kwayakapa kuvarume vechidiki vakaita semufudzi wenyu pano. Zvakavakonzeresa... Pandava kutanga kuchembera, uye ndichiziva kuti mazuva angu ava mashoma, ndichiziva zvino kuti varume vechidiki ava vanogona kutora Mharidzo ino nokuItakura kusvika paKuuya kwaShe, kana Vakasauya muchizvarwa changu. Zvino, zvandakatarisira kuVaona. NdinoVatarisira zuva nezuva, kurinda, ndichigara ndakazvigadzirira nguva iyoyo.

<sup>15</sup> Zvino ngatitaurei neMunyorori tisati taverenga Bhuku raKe, patiri kukotamisa misoro yedu.

Baba veKudenga, tinoKutendai, nokuva vapenyu manheru ano, kudzokazve kuguta rino guru. Tigere muno mune nzvimbo dzinotaridzika dzemakomo, kutarisa mudenga nokuona mazaya echando, nemaruva emaranjisi achidombera, panguva imwe chete, inyika yakaisvonaka zvakadini yaMakatipa kuti tirarame mairi! Uye tichiona kuti munhu avhiringidza zvakadini ne—nezviito munyika ino, zvinoita kuti tizvinyarire, Baba.

Tiri pano, manheru ano, kuedza kuisa kukwanisa kwedu, kuedza kukonzera kuti vanhu vaone chinhu chikuru icho chakaitwa naMwari, nekuziva kuti pane chimwe chinhu chikurusa chingori mhiri. Dai tatarisa kwachiri, manheru ano, Baba, patiri kuzarura Shoko reNyu nekuverenga. Tinogona kuRiverenga, Baba, asi itai Mweya Mutsvene aRizarurire kwatiri kubudikidza nechizaruro. Nokuti tazvikumbira muZita raJesu. Amen.

<sup>16</sup> Zvino, imi vangada kunyora manotsi, ne—nekuverenga Rugwaro nemushumiri, se—semagariro vanoRiverenga. Zvino zvaisidaro, apo ini... makore apfuura, ndaisaita zvekunyora Magwaro angu pasi, nezvakadaro. Asi ndati kwegurei kubvira ipapo. Maona? Ndichangopfuura makore makumi maviri nemashanu okuberekwa, nguva shoma yapfuura, makore makumi maviri nemashanu apfuura. Saka, zvinobva zvazviita kuti zviti ipei. Asi ndiri kuedza kubatirira kune zvose zvandinoziva kuita muShoko raKe, kusvikira Andidana.

<sup>17</sup> Zvino, ngatizarurei muna Mutsvene Johane chitsauko 14, Gwaro ratinoziva chaizvo ratinoda kuverenga manheru ano, kuti tiwane kubva muchinyorwa Ichi, Ishe vachitendera. Potse munhu wese anochiziva. Zvinoita sokuti, nguva zhinji, chinoshandiswa pashumiro dzemariro. Kana pakambova nenguva yandingada kuparidza shumiro yepamariro, inenge iri kunyika ino. Regai ife igoberekwa patsva. Mutsvene Johane 14:1 kusvika 7, ndinotenda, ndazvinyora pasi pano.

*Moyo yenyu irege kumanikidzwa: tendai kunaMwari, mutendewo kwandiri.*

*Mumba maBaba vangu mune nzvimbo zhinji dzokugara: . . . dai zvaisava zvakadaro, ndingadai ndaikudzai. Nokuti ndinoenda kunokugadzirirai pokugara.*

*. . . kana ndaenda kunokugadzirirai pokugara, ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, nemi mugovapowo.*

*. . . napandinoendapo, imi munoziva nzira.*

*Tomasi akati kwaari, Ishe, tinoziva . . . apo pamunoenda; nzira tingaiziva seiko?*

*Jesu akati kwaari, ndini nzira, nezvokwadi, neupenyu: hapana munhu anouya kuna Baba, asi nokwandiri.*

*Dai imi makanga muchindiziva, imi mungadai maizivawo Baba vangu: kubva zvino imi munovaziva, makavaona.*

Dai Ishe vawedzera maropafadzo pakuverengwa kweShoko raVo. Zvino tichataura nezvaRo zvakare, pane dzimwe nguva patinenge tichienda mberi, patiri kuda kungotaura pamusoro pechidzidzo chidiki kuKereke.

<sup>18</sup> Husiku hwapfuura, ndaiva kuYuma; Arizona, kune musha wangu zvino. Ini—ini . . . Pandakauya kuno nguva yapfuura ndaigara kuJeffersonville, Indiana. Zvino ndiri kuArizona, nechiratidzo chakandituma ikoko, makore mashoma apfuura. Uye tave vagari veko zvino. Handina kereke ikoko.

Hama Green, hama yedu iri pano nesu, yakavamba tabhenakeri apo . . . imwe yeAssemblies of God, kereke, unganidzema dzemudhorobha. Vakabatana, ndinotenda vose vakaenda neHama Brock naHama Gilmore, vakasiya kereke yavo yakazaruka. Zvino Hama Perry Green, vanobva—vanobva kuTexas, vakauya ndokutora nzvimbo yacho, inova inobatirana nesu. Tinofara kuti—kuti Hama Green vakavhura zvakare kereke iyi yakanga yavharwa.

<sup>19</sup> Zvino husiku hwapfuura, ndichiparidza kuYuma kuChristian Business Men, ndakataura pamusoro wenyaya unoti *Kubvutwa*. Zvino, waigona kunge uri musoro wenyaya usinganzwisisike kuti utaurwe pakati, pe—pemabiko, asi potse munhu wese aivapo aiva Makristu. Uye zvino ndizvo zvazviri kumbuserere seidzi, kana mu—muchechi. Ndinogona kuti zvino, “Vangani venyu Makristu?” Zvichida ruoko rwese rwunosimuka mudenga. Uri Mukristu. Zvino saka, kana tiri Makristu, ndinofunga kuti tinofanira kuziviswa zvakanaka pachiine nguva. Hatifanire kungoita zvekuzvifungidzira. Tinoudzwa zvichazova magumo edu.

<sup>20</sup> Zvino ndinoda kutaura pamusoro pazvo manheru ano. Uye musoro wenyaya uchava: *Zvinhu Zvichazovapo*. Uye zvino, ndaiparidza manheru apfuura pamusoro pe*Kubvutwa*, saka

manheru ano, ndinoda kutaura pamusoro pepfungwa iyi, kuitira kuti ndiibatidze neMharidzo yanezuro manheru. Zvino, kuchava neKubvutwa, tinozviziva. Zviri munguva ichazouya, mberi.

<sup>21</sup> Zvino, Jesu pano ari kutaura, pamusoro pekuti, Akafanoenda mberi kunofanotigadzirira nzvimbo. “Moyo yenyu ngairege kumanikidzwa.” Zvino, apa aitaura nevaJudha. Akati, “Zvino, makatenda kunaMwari, tendaiwo nekwaNdiri. Sekutenda kwamakaita kunaMwari, tendaiwo kwaNdiri, nokuti ndiri Mwanakomana waMwari.” Maona? “Zvino, Mwari,” nemamwe mashoko, “Ini naBaba vaNgu tiri Mumwe chete. Baba vaNgu vanogara maNdiri. Uye zvamunoona zvichiitika, ndichiita, haNdini, ndiBaba vangu vanogara maNdiri. Ndivo vanoita mabasa.”

“Mwari vaiva muna Kristu, vachiyananisa nyika kwaVari pachavo.”

<sup>22</sup> Zvaiva zviri nyore kumaJudha ayo aiva akadzidziswa, nemuzvizvarwa, kutenda kuti kwaiva naMwari mukuru wemweya. Asi kufunga kuti Mwari akanga adzika pasi achizviratidzira pachaKe kubudikidza nemumunhu anova Mwanakomana waKe, Jesu Kristu, Mwari akapfeka mutumbi wenyama, zvakanga zvakati omei kuti—kuti vazvinzwisise.

Asi iYe akati, “Zvino, sekutenda kwamakaita kunaMwari, tendaiwo nekwaNdiri. Nokuti mumba maBaba vaNgu mune nzvimbo zhinji dzokugara, uye ndinoenda kunokugadzirirai pokugara.” Hupenyu hwaJesu hwainge hwoda kusvika kumagumo, pano panyika.

Akanga aratidza vanhu, nekuvaratidzira, kuti Aiva Jehovha vachiratidzwa munyama, nezviratidzo nezvishamiso zvikuru, uye nemicherechedzo yeBhaibheri yaAkanga azvibatidzira nayo, pachaKe. Zvino akaratidza kuti Aiva Mwari, vachiratidzirwa.

Zvino iYe akati, “Pamunoona upenyu hwaNgu hwoguma, hwuri kuguma nokuda kwechinangwa. Zvino Ndinoenda, kunokugadzirirai pokugara; kuti apo pandiri, imi mugovapowo.” Naizvozvo Jesu unotaurira vadzidzi vaKe kuti hupenyu huno haupereri murufu.

<sup>23</sup> Zvino, tichiti uyu musoro wenyaya wepamariro. Rangarirai, isu, rufu rwuri pamberi pedu chaipo, uye hatizive kana paine vamwe vedu muchivakwa chino manheru ano vachatadza kubuda muno vari vapenyu, muhupenyu uhwu hwepasi pano. Ndiko kusava nechokwadi kwahwuinako. Maminiti mashanu kubva zvino, zvinogona kuti wechidiki, ane utano, vechidiki muchivakwa chino anogona kuva chitunha mumaminiti mashanu kubva zvino. Ichokwadi. Uye zvakare, zvinogona kuva, mumaminiti mashanu kubva zvino, tese tinogona kunge tave muKubwinya. Hatitongozivi. Zviri mumaoko aMwari. Jesu

akati iYe aisaziva, pachaKe, kuti nguva iyoyo yaizova riinhi, asi, “Zvaiva mumaoko aBaba bedzi.”

<sup>24</sup> Zvino, asi, Aivaudza, kuti, mushure merufu kune upenyu. Nokuti, “Ndinoenda kunokugadzirirai pokugara,” zvinova, kuvagamuchira, zvinoratidza kuti ipapo, Aitaura kwavari, kuti paiva neu—upenyu kana upenyu hwuno hwapera. Zvino inyaradzo yakadini yazvinofanira kutipa tose, kuziva kuti, mushure mekunge hupenyu huno hwapera, pane humwe hupenyu, hwatinopinda mahwuri. Uye paunoramba uchikwegura, zvinowedzera kuva mazvirokwazvo kwauri. Paunotanga kuona mazuva eupenyu hwako achiswedera, zvino hwunotanga, unotanga kurongedza uchiswedera, uchigadzirira chitiko chikuru ichocho. Icho zvino... Kuenderera mberi kwehupenyu huno mune imwe nyika, imwe nzvimbo.

<sup>25</sup> Kubarwa kwako pano kwakafanorongwa. Ndinofungidzira kuti munozvitenda. Mumwe nemumwe wenyu anoziva kuti kubarwa kwake kwakafanorongwa. Waizviziva here kuti kupapo kwako pano hakuna kungobva mukufungidzira kana pfungwa? Zvinhu zvese zvakafanorongwa naMwari, nyika isati yavambwa, kuti waizova pano. Mwari ane ruzivo rwusina magumo aizviziva. Zvino ku—kusava nemagumo papfungwa dzaKe, Aifanira kuziva inda yese yaizova panyika, uye kuti yaizobwaira kangani. Kusava nemagumo. Maona? Iwe, pfungwa dzedu diki—dzedu diki, hadzigone kunzwisisa kuti *kushaya magumo* zvinorevei. Mwari asina magumo, Aiziva zvinhu zvose. Nokudaro, hapana chakakanganisika.

<sup>26</sup> Kana tichiziva Shoko raMwari, tinoziva patiri kurarama. Tinoziva nguva yatiri kurarama mairi. Tinoziva zviri kumberi. Tinoziva zvatakpfuura. Uye Bhuku raMwari kuzarurwa kwaJesu Kristu; Mabasa aKe mumazera, kusvika kuBhuku reZvakazarurwa, uye zvadaro nevimbiso dzaKe dziri kuuya. Saka, vimbiso dzaKe dzose ndedzechokwadi. Mwari haagone kutaura Shoko ripi zvaro kunze kwekunge Rasimbiswa. Shoko rimwe nerimwe raAnoreva rinofanira kuzadziswa. Nyika isati yavambwa... .

<sup>27</sup> Vamwe vanhu vanovhanganisa Genesi, paya, paakati, “Mwari anoZvidzokorora.” Kwete. Kungoti, uri kutadza kunzwisisa. Maona?

Mwari, pamavambo, Akati, “Ngakuve ne. Ngakuve ne. Ngakuve ne.” Nyika yaingova nerima, munyonganyonga. Kunyange paAkati, “Ngakuve nechiedza,” kunogona kunge kwakapfuura mazana emakore chiedza chisati chavapo. Asi paAkazvitaure, zvinofanira kuitika. Zvinofanira kuva nenzira iyoyo. Maona? Zvino Akataura Shoko raKe. Mbeu idzi dzaive pasi pemvura. PaAkaomesa nyika, zvino mbeu dzakasimuka. ZvaAnotaura zvinofanira kuitika.



<sup>28</sup> Akataura, kubudikidza ne vaporofita. Ndakazvitaure usiku hwapfuura. Sokuti, tikatora Isaya, akati, “Mhandara ichabata mimba.” Ndiani aizombofunga, kuti murume airemekedzwa pakati pevanhu, ataure shoko rakaita sairoro, “Mhandara ichabata mimba”? Asi nokuti iye. . .

Muporofita chadzera chaMwari. Akagadzirwa zvokuti haagone kutaura mashoko ake. Anofanira kuva maShoko aMwari aanotaura. Akangoita sechadzera, uye iye muromo waMwari.

Zvino saka, nokudaro, akati, “Mhandara ichabata mimba.” Zvichida aisazvinzwisisa, asi Mwari akazvitaure kubudikidza naye. Nokuti, Akavimbisa kuti, “Hapana zvaazoita kusvikira iYe aZvizarurira kuvaranda vaKe vaporofita.” Zvadarwo, paakataura kudaro, pakapfuura makore mazana masere zvisati zvaitika. Asi zvaifanira kuitika.

Pakupedzisira, Mashoko aya aMwari akawana ugaro muchibereko chemhandara, ndokubata pamuviri akasununguka Emanueri. “Takazvarirwa Mwa—Mwana, takapiwa Mwanakomana. Zita raKe richanzi, ‘Gweta,’ ‘Mwari une simba,’ ‘Muchinda weRugare,’ ‘Baba vokusingaperi.’” Zvaifanira kuva nenzira iyoyo, nokuti Mwari vakanga vazvitaure kubudikidza nemumuromo we vaporofita vaKe. Zvino Mashoko ese aMwari anofanirwa kuzadzikiswa.

Naizvozvo, tinoziva kuti Jesu akaenda kunotigadzirira pokugara, kuti azogamuchira vanhu kwaari pachaKe. Kuti vanhu vacho ndivanaani, ndinovimba kuti tiri chikamu chevanhu ivavo manheru ano. Kana zvisizvo, shamwari yangu, Mwari vakagadzira nzira, chinhanho, chekuti unogona kubatanidzwa mazviri kana uchida. Uri munhu ane sarudzo dzake ega. Unogona kuita chero zvaungada. Asi zvino cherechedzai, zvino, munyika iyi iri kuuya. Pane nyika inouya.

<sup>29</sup> Sezvakangoita kubarwa kwako pano, kwandati, kwakafanorongwa. Mwari aiziva kuti waizovepo pano.

Uye zvino wave kuziva, kunyange zvinhu zvakaitwa ne vabereki vako, izvezvi, vanhu vanofunga kuti izvo hazvibve kune chimwe chizvarwa zvichienda kune chimwe chizvarwa, asi ndizvo.

<sup>30</sup> Umo Mubhuku revaHebheru, ndinotenda, zvingaita chitsauko chechi 7, achitaura ipapo, Pauro, vanyori, ndinotenda ndivo, achitaura nezvechi—chiitiko chikuru chakatora nzvimbo panaAbrahama, kuti akabhadhara chegumi kuna Merkizedheki, paaidzoka kubva kundouraya mambo. Zvino akataura, kuti, “Revhi aiva muchiuno chaAbrahama, paakasangana naMerkizedheki, achibva kundouraya madzimambo.” Uye zvadarwo akazvicherechedza kuti “Revhi akabhadhara chegumi, zvakare, paaiwa muchiuno chaAbrahama,” tateguru vake.

Uye Anoshanyira zvivi zvevanhu pamusoro pevana vavo—vavo, kubva muchizvarwa kuenda mune chimwe chizvarwa, vasingachengete Shoko raKe. Maona?

<sup>31</sup> Mese makafanorongwa naMwari. Hapana chinoitika nemasanga, kuna Mwari. Anoziva zvese pamusoro pazvo. Zvese zvakafanorongwa, zvakarongerwa zvizvarwa zvizhinji zvakapfuura, kuitira kuti uve pano manheru ano. Maizviziva here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Chingofunga, kuti, iwe, pane imwe nguva... Ndichadzokorora izvi zvakare. Iwe, pane imwe nguva, waiva muna baba vako, muchizenga chababa vako. Zvino, vaisakuziva panguva iyoyo, kunyange newe waisavaziva panguva iyoyo. Asi, unoona, zvino wakazoiswa mubindu rekudyarira, muchibereko chamai, kubudikidza nekubatanidzwa kwemuchato mutsvene. Ukava munhu akaratidzira muchimiro chakafanana nababa vako, zvino pakava nekuyanana.

<sup>32</sup> Zvino, nzira yega yaunokwanisa kuva mwanakomana, kana mwanasikana waMwari, nokuti unofanira kunge... uine Upenyu Usingaperi. Uye panongova neUpenyu Usingaperi umwe chete bedzi, unova Upenyu hwaMwari. Unongori Upenyu Usingaperi umwe chete bedzi, hwaiva Mwari. Zvino, kuva mwanakomana waMwari, waitofanira kuva maAri nguva dzose. Chizenga cheUpenyu hwako, Upenyu hwepamweya, manheru ano, chaiva muna Mwari, Baba, pasati pambova kana nekanhu kadukusa. Maona? Zvino hapana chauri kunze kwekuratidzirwa kwechizenga cheUpenyu hwaiva muna Mwari, semwanakomana waMwari.

Zvino unoratidzirwa, mushure mekunge Shoko raKe rapinda mauri, kuzopa Chiedza kuzera rino. Uri kuratidzira Upenyu hwaMwari mauri, nokuti uri mwanakomana kana mwanasikana waMwari. Naizvozvo, manzwisisa here zvandiri kureva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Maona? Imi muri... Maitwa zvino, mugere muchechi ino, manheru ano, nokuti basa renyu nderekuratidzira Mwari kunyika ino nevanhu ava, nemunharaunda ino yamunoyanana nayo.

Kwese kwauri, Mwari vaiziva kuti waizova pano, nokuti unofanira kuva chimwe chezvizenga zvaKe, kana pfungwa dzaKe. Waitofanira kudaro. Kana zvachose, kana uine Upenyu Usingaperi, zvino Hwakagara hungori Upenyu Usingaperi. Uye Mwari, pasati pambova nenheyo, yenyika, vaiziva kuti waizova pano. Zvino apo Shoko, kana kuti mvura, “kugeza kwemvura dzeShoko” pakwakaku—kuwira, zvakararatidzwa mumunhu. Zvino wava nekuyanana naBaba vako, Mwari, sezvawakangoita nababa vako vepanyama. Maona? Muri vagari vaMambo; kwete vagari, asi kuti muri vana, vanakomana nevanasikana vaMwari mupenyu, kana zvirizvo kuti Hupenyu Husingaperi hunogara mamuri.

Zvino, zvadaro, kana Hwaiva, Jesu aiva huzaro hwaMwari hwakaratidzwa. Aiva uzaro weHumwari munyama. Naizvozvo, paAkauya panyika ndokuratidzwa munyama, waiva muno maAri kareko, nokuti iYe aiva Shoko. “Pakutanga kwaiva neShoko; Shoko raiva kunaMwari, uye Shoko raiva Mwari. Zvino Shoko rakaitwa nyama, rikagara pakati pedu.” Shoko rakaitwa nyama. Naizvozvo, wakafamba naYe, pawaiva maAri, apo Aiva pano panyika. Wakatambudzika naYe, ndokufa naYe. Wakavigwa pamwe naYe. Uye zvino wakamutswa pamwe naYe, nokuva pfungwa dzakaratidzwa dzaMwari, ugere munzvimbo dzeMuchadenga; wakatamutswa kare, kumutswa kuHupenyu hutsva, uye nokugara munzvimbo dzeMuchadenga munaKristu Jesu. O, zvinoreva zvakawanda, mazuva ano, Kereke! Zvinoreva zvakawanda kwatiri, kuzviona takagadzwa panzvimbo munaJesu Kristu!

<sup>33</sup> Zvino, kana tiri pfungwa idzodzo dzaMwari, hatigone kurarama nezvitendwa. Hatigone kurarama nezvemasangano. Tinofanira kurarama neShoko, nokuti Mwenga chikamu cheChikomba, sezingori mudzimai upi zvake kuti chikamu chemurume wake. Nokudaro, tinofanira kuva iwo Mwenga weShoko. Zvino Mwenga weShoko iwoyo chii? Kuratidzwa kwenguva ino, Mwenga, kwete chitendwa kana sangano; asi chitaurwa chinorarama chaMwari, pfungwa inorarama yaMwari, ichiratidza pfungwa dzaMwari kunyika, mumamiriro eMwenga unofanira kuratidzwa munguva ino yatiri kurarama zvino.

<sup>34</sup> Marteni Ruther aisakwanisa kuratidza pfungwa dzatinoratidza, nokuti kuya kwaiva kumavambo, rumuko, sembeu yegorosi yakapinda muvhu.

<sup>35</sup> Zvino, regai titaure chitaurwa ichi zvakare. Zvichida makamboveenga bhuku racho, muJerimani uya achindinyomba, akati ndaiva mupengo wemipengo yose. Iye—iye aipesana zvachose nechinhu chose chinonzi Mwari, ndokutombonyomba Mwari. Akati, “Mwari aigona kuzarura Gungwa Dzvuku uye,” akati, “ndokubuditsa vanhu vaKe; ndokugara akapeta maoko aKe padumbu raKe, ndokurega (muzvizvarwa zverima) vanhu vose vaye vachifa nokutambura, vana vadiki vaye vachidiyiwa neshumba.”

<sup>36</sup> Munoono, hwese—hwese hurongwa, Kereke yose, yakavakwa pachizaruro chaMwari. Jesu akati, muna Mutsvene Mateo, chitsauko 16, “Nyama neropa hazvina kuzvizarura kwauri, asi Baba vaNgu vari Kudenga vazvizarurira kwauri.” Chaiva chii? Chizaruro chekuti Aiva Ani. “Zvino paDombo iri, Ndichavaka Kereke yaNgu, uye masuwo egehena haangaIkurire.” Maona?

Chizaruro chaJesu Kristu munguva ino; kwete zvaAiva mune imwe nguva! ZvaAiva iye zvino, Bhaibheri rinozviratidza. Zviri kukura muMwenga, kusvika pachimiro chakakwana.

Nokudaro, kana mbeu yegorosi, yaKristu, yaifanira kuwira muvhu, neMwengawo waifanira kuwira muvhu, kubudikidza nemazera erima. Mbeu ipi zvayo inopinda muvhu inofanira kufa, kana kuti haikwanise kuzvibereka, kuzvibereka zvakare. Zvino Kereke huru yaAkavamba neZuva rePentekosti, kubudikidza nekutumira Mweya Mutsvene, yaifanira kupfuura nemumatambudziko ekuurayiwa zvino yozoenda muvhu, muvhu pazera rerima, kuzounza zvakare muzera raRuther, ndokubuda kuuya kuchimiro chakakwana cheMwenga waJesusu Kristu muzuva rino rekupedzisira. Maona? Hapana nzira . . .

<sup>37</sup> Nokudaro, Mwenga, muKubvutwa, uchauya. Zvino pane zvose zvakafanorongwa naMwari, zvose zvakatsigirwa. Kubva pamavambo, Aiziva munhu wese, nzvimbo yese, aizogarapo, nezvose pamusoro pazvo. Zvose zvakafanorongwa. Mwari vaiziva kuti zvaizovapo pano. Zvino—zvino apo... Vakazviita nenzira iyoyo, kuitira kuti patinosvikako... Akaenda kunotigadzirira pokugara. Zvino kana tasvikako, zvose zvinenge zvakafanogadzirwa sekungorongwa kwakaitwa usiku huno, sekungorongwa kwakaitwa nguva ino. Hongu. Kufanoziva kwaKe kukuru kunoMuudza zvinhu zvose izvi, kubudikidza nekufanoziva.

<sup>38</sup> Iye ari kwese-kwese nokuti Anoziva zvose; Anoziva zvose nokuti Ari kwese-kwese. Nokudaro, nekufanoziva kwaKe... Zvino, haAgone kungova semhepo pamusoro penyika, nokuti iYe Munhu. HaAsingori chingano. Iye Munhu. Ane hugaro. Anotogarawo mumba. Anogara kunzvimbo inonzi Denga. Uye nokudaro, nekuva kwese-, nokukwanisa kuva kwese-kwese; kuva muziva zvose, achiziva zvinhu zvose, zvino Ari kwese-kwese nokuti anoziva zvinhu zvose.

<sup>39</sup> Iwe, zvino, wakakura kubva pawakaberekwa, pawakazvarwa ukaunzwa munyika ino. Mwari vaiziva kuti waizova panyika pano, nokukura kwako kubva pakubarwa kusvika wayaruka. Zvinhu zvaiita sezvisinganzwisisike kwauri, muhumhandara hwako hwechidiki, hukomana hwako hwechidiki, sevana, iye zvino zvanyatsojeka. Waisagona kuzvinzwisisa uchiri mwana. Asi zvino, paunova munhu abva zera, unotanga kunzwisisa nekuona kuti zvinhu zvose zvakangoiswa nenzira kwayo. Uye, iwe, zvinonyatsoreva chimwe chinhu kwauri zvino.

<sup>40</sup> Ndizvo zvazviri pakuberekwa kwako kwepamweya. Unoita zvinhu zvausinganzwisise, kana uchiri mwana mucheche, kuuya kuwartari. Unopira upenyu hwako kuna Kristu. Unoita zvinhu zvisinganzwisisike kudaro. Unoshaya kuti sei wazviita. Asi mushure mechinguva, paunokura, seMakristu abva zera, zvino unozvinzwisisa. Maona? Pane chinhu chinosisimuka. Unoona sei waifanira kuzviita. Kuzvarwa kwako kwepamweya! Kuberekwa kwako kwepanyama kunofananidzira kwepamweya.

Kuti—kuti zvakanyatsa kupindirana newe, muhupenyu huno, pawaikura, zvinhu zvose zvakanyatsopindirana, nokuti wakagadzirirwa izvozvo. Chakanga chisiri chinhu chinoshamisa here, usiku uya pawakadzadzarika kupinda mumisheni, musangano wetende, kana chechi diki mukona pane imwe nzvimbo, uye chimwe chinhu muparidzi chaakaparidza, pane mumwe musoro wenyaya, iwe ndokungowira paartari? Maona? Maona? Mwari aizviziva, nheyo yenyika isati yavapo. Maona? Zva—zvaiita sezvisinganzwisisike kwauri, kuti wakazviitirei kareko. Asi zvinu wave kunzwisisa; waiziva zvakaaitika. Zvakanyatsa kukufanira muhupenyu huno, uyewo zvichadaro muHupenyu hunotevera. Nyika ino nehupenyu hwayo zvinoita se—sekuenderera paunenge uchiyaruka. Chinhu chese chinoita sekufambirana zvakanaka newe.

<sup>41</sup> Handitende mune...kuti munhu akangoerekana ava pano nemasanga. Zvino chingofungai, pawakauya pa—panyika, zvinhu zvose zvaifanira kunge zvakafanogadzirirwa iwe, kana kufanorongerwa, waro, iwe. Handinzwisise sei tingagone kufunga kuti Mwari akagona kutigadzirira zvinhu zvakanaka zvese izvi angaregedza...takatadza kuisa ruvimbo rwedu maAri. Kuti, kana Akatiunza mumhirizhonga yatiri mairi iye zvino, ndokutigadzirira zvinhu zvakanaka zvehupenyu pano, tinofanira kuvimba naYe zvakaipfuurira zvakaadini pakutigadzirira zvinhu zvichauya, maona, zvinhu zvemunaZiendanakuenda! Zvinoita sekunge, ndiri kutaura, zvisinganzwisisike.

<sup>42</sup> Zvino ini—ini handifunge kuti Kudenga inzvimbo yandaisiudzwa pamusoro payo namai vangu. Ndinotenda kuti Chechi yakura kubva pana izvozvo. Kufunga kuti, zvaisimbova, makore zana apfuura, kana maviri, ndinofungidzira kuti vekare vaisifunga kuti munhu wese aifa aienda Kudenga uye aine rudimbwa, o—ogara mudenga pamakore o—oridza rudimbwa. Zvino, vaiziva kuti paiva nenzvimbo inonzi Denga. Asi, ivo, kana zviri izvo, varidzi vose verudimbwa vaizotiisa parumananzombe, munoona. Asi isu...Asi ha—haisi nzvimbo yakadaro. Hakusi kuridza rudimbwa, zvachose. Ndinotenda, handitendi kuti Bhabheri rinodzidzisa kudaro. Asi kwaingova kufungidzira kwavaiva nako huzaro hweShoko husati hwavepo, kana kuti kuzarurwa kweZvisimbiso Zvinomwe, zvakaivimbiswa kwatiri muzera rino, zvatava kunzwisisa zvino.

Ndinotenda kuti Denga inzvimbo yemazvirokwazvo, sekungova mazvirokwazvo kwakaita nzvimbo ino, munoona, nokuti Mwari vakavamba kukura kwedu kwepamweya munzvimbo ino. Uye ndinotenda kuti Denga inzvimbo yemazvirokwazvo sezvakangoita ino, iyo yatinenge tisina kungogara kweZiendanakuenda uye wakangogara pagore. Hatingoridza rudimbwa rwedu, nguva yose—yose, narinhi. Asi tiri kuenda kunzvimbo yemazvirokwazvo uko kwatiri

kuzoita zvinhu, kwatiri kuzorarama. Tiri kuzonoshanda. Tiri kunofara. Tiri kuzorarama. Tiri kuenda kuHupenyu, kuHupenyu hwemunaZiendanakuenda chaihwo. Tiri kuenda kuDenga, paradhiso. Sekungoshanda kwakaita Adhama naEvha, nekurarama, nekudya, nokufara, muBindu reEdheni chivi chisati chauya, tiri munzira yedu kudzokera ikoko chaiko, zvakare, kunyatsodzoka. Adhama wekutanga, kubudikidza nechivi, akatibuditsa. Adhama wechipiri, kubudikidza nekururama, akatidzosa mukati zvakare; nokutiruramisa nokutidzosa mukati zvakare.

<sup>43</sup> Imi vanhu vanitora matepi iye zvino, mharidzo ye “kururamiswa,” ndinoda kuti muitore. Zvino munitora matepi aya, ndinoda kuti muitore. Ndakataura pamusoro payo, pano nguva yakapfuura.

<sup>44</sup> Tarisa izvo vabereki vako vepanyama, usati wauya pano, vasati vaziva kuti waizouya, vakafanogadzirira kuuya kwako. Chingofunga nezvazvo zvino, vabereki vako vepanyama. Izvo, mubereki vepanyama anongori mufananidzo weMubereki wekudenga. “Kana tichiziva kupa vana vedu zvipo zvakanaka, ko Baba venyu veKudenga vachapfuurisa sei kuziva kupa zvinhu zvakanaka kuvana vaVo.” Jesu akataura Mashoko aya. Maona?

Vakafanogadzirira kuuya kwako. Vakagadzira kamubhedha, kana kuwana kadiki, tubhutisi, netuhembe, nezvakadaro. Vakafanogadzirira, zvino zvese kuti uuye, kugadzirira kunyange usati wauya panyika.

<sup>45</sup> Jesu akaenda kunotigadzirira kuuya kwedu ikoko. Zvino cherechedzai. “Mumba maBaba vaNgu mune nzvimbo zhinji dzekugara.” Kana kuti, regai isu . . .

Handirevi kuwedzera kuShoko, kana kubvisa paRiri, nokuti hatifanire kudaro. Zvakazarurwa 22 yakati, “Ani naani anowedzera shoko rimwe, kana kukamura Shoko rimwe kubva maRiri.” Asi regai ndingoti, kwete sekuwedzera, asi kungounza kujekesa.

“Mumba maBaba vaNgu mune nzvimbo zhinji dzakasiyana-siyana dzekugara.” Handitendi kuti patichasvika Kudenga tichava, tose munhu wese akafanana pakuonekwa. Handitendi kuti tose tichange tiri ve—vevhudzi chena, kana rebhurauni, kana—kana vadiki, kana—kana vahombe, kana—kana hofori.

Ndinotenda kuti Mwari ndiMwari wezvokasiyana-siyana. Nyika inozvisimbisa. Ane makomo makuru nemakomo madiki. Ane mapani. Ane magwenga. Ane zvinhu zvokasiyana-siyana, nokuti Akaigadzira nenzira yaAida. Uye Akagadzira mwaka; zhizha, chando, pfumvudza, matsutso. Akagadzira mwaka. Zvinoratidza kuti NdiMwari wezvokasiyana-siyana. Akakugadzirai zvokasiyana. Vamwe varume vakakwasharara; vamwe vakaomarara; uye vamwe vakangonaka; vamwe vane

moyo munyoro. Zvino unongowana vanhu vakangosiyanasiyana, uye muHumambo hwaKe. Maona?

<sup>46</sup> Honai Mutsvene Petro, uye muenzanisei naAndrea. Maona? Andrea imhare yokunamata, aingogara pamabvi ake nguva dzose. Zvino muapostora Petro aiva mumwe wemazhenje emoto aiparidza, ne—nezvakadaro. Uye Pauro akanga akarerekera pakudzidzisa, kunyanya. . . semuporofita, kana chimwe chinhu, akadzikama.

<sup>47</sup> Zvino, munoona, Mosesi akanyora maBhuku mana ekutanga eYakare. Zvinova kuti, akanyora Testamente yaKare. Mamwe ose awo yaiva mirairo, nemadzimambo, nemapisarema, nezvakadaro, uye zvakanyorwa nemumwe munhu pamusoro pevaporofita. Asi Mosesi akanyora mirairo, Mabhuku mana ekutanga eBhaibheri: Genesi, Eksodho, Revhitiko, neDeuteronomio.

<sup>48</sup> Zvadarwo Pauro wakanyora Testamente Itsva. Ichokwadi. Mateo, Marko, Ruka naJohane vakanyora zviitiko zvakaitika, nezvakadaro. Asi Pauro akapatsanura murawu nenyasha, ndokuzviisa panzvimbo pazvo. Maona? Ndiye aiva munyori weTestamente Itsva. Akatipa zvinyorwa zveTestamente Itsva, achiisa Shoko raMwari muhurongwa.

Zvino cherechedzai, *dzakawanda*, “dzimba dzakawanda,” dzimba dzakasiyana-siyana dzokugara dzakawanda.

<sup>49</sup> Sezvakaita, zvikomo zvakasiyana-siyana; sezvakaita, kusiyana kwenzizi, zvitubu, madziva. Zvaivapo pawakauya pano, kutanga, nokuti itsiye nyoro dzaBaba vako veKudenga hwakazviisa pano. Nokuti, vamwe varume vanoda makomo. Vamwe vanoda mvura dzakawanda. Vamwe vanoda magwenga. Saka, unoona, kuuya kwako, Aiziva hunhu hwako nezvawaizova, saka Akangozviti nenzira yekuti iwe waizokwanisa kuzvifarira. O! Ndinofunga kuti ndiBaba vakaisvonaka, munoona, kuziva kuti Vakazvigadzira saizvozvi.

Ndinofara kuti Akagadzira makomo. Ini—ini ndinofarira makomo. Ini. . . Zvino ndi—ndinozvifarira. Apo, vamwe, “O, handizvigone. . . O, Anofanira kunge akadururira bhokisi raKe rose redhaka kunze ikoko.” Zvakanaka, Akaridururira ikoko kuitira kuti ndigonakidzwa nazvo. Maona? Saka zvino woti, “Ndinofarira mapani, pandinogona kuona kusvika kure.” Zvakanaka, mhando mbiri dzakasiyana dzehunhu, tose vaviri tiri Makristu.

Asi Baba vaiziva kuti waizova pano, ndokufana vakugadzirira zvinhu zvese usati wauya pano. Amen. Kuuya kwako kwekutanga, pano, Akanga akakugadzirira kare pawakasvika pano. Hazvishamise here kufunga nezvaAkaita?

<sup>50</sup> Zvino, zvino, asi rangerirai, izvi zvipo zvenguva pfupi, mumufananidzo. “Zvino, tinoziva kuti Mosesi, pakuvaka tabhenakeri murenje, kana kuigadzirira, akati akagadzira

zvinhu zvese maererano nezvaakaona Kudenga.” Maona? Saka, zvinhu zvepanyika pano zvinongoratidza bedzi zvakaita zvinhu zvemunaZiendanakuenda. Uye kana nyika ino yatiri kurarama mairi nhasi, yakakura kwazvo, sekuda kwatinoiita; nekuda kurarama, nekufema mweya, nekuona maruva nezvinhu; kana—kana izvo, kana izvi pano kuri kuratidzwa, iyo iri kufa iri kungoratidza iyo yemunaZiendanakuenda. Paunoono muti uchitambura, nokudhonza, kuedza kurarama, zvinoreva kuti pane mumwe muti pane imwe nzvimbo usingaite izvozvo.

Paunoono murupa pano, achitambura kuti ararama, mumwe munhu ari muchipatara, kana kuti panhwo yeurwere, kana mutsaona, achitambura, uye kufema kwerufu kuri pahuro pavo, achidhonza, nokuchema, achidanidzira kuhupenyu, zvinorevei izvozvo? Pane nzvimbo, kumwe kunhu, pane mutumbi usingatambure nokudanidzira izvozvo. Maona? Haungatombodaro.

<sup>51</sup> Zvino, zvipo zvinguva pfupi kwatiri, zvinhu izvi, kungoratidzira kuti pane Imwe chete inova iYo yemunaZiendanakuenda. Ndiyo Jesu yaakaenda kunotigadzirira, YemunaZiendanakuenda. Zvino, zvinongoratidzira kuti pane zvikuru zvemhando imwe chete, nokuti izvi ndezvemhando imwe chete.

<sup>52</sup> Zvino, rangarirai, Bhaibheri rakati, “Kana tabhenakeri ino yevhu yatigere mairi, kana ikaparara, nokunyangarika, tine imwe yakatotimirira.”

Sezvakangoita mwana mucheche, mamhasuru ake madiki, mukati maamai, ari kungorimbinyuka nekutenderera. Uye, asi kungo . . . Maona? Zvino munocherechedza, unogona kutora mudzimai, kunyange ane hunhu hwakaipa zvakadini; asi paanova amai, nguva pfupi mwana asati azvarwa, pane kunyorovera pamusoro pemudzimai iyeye. Svika padyo naye, panogara paine chimwe chinhu, anowedzera kupfava. Sei? Pane mweya mudiki wengirozi wakagadzirira kugamuchira mutumbi wenyama iwoyo. Paanongozvarwa chete, mweya wehupenyu unobva wapinda maari. Zvino Mwari vanoufemera imomo, obva ava mweya unorarama. Zvino, panenge pachingozvarwa mwana uyu, zvino mutumbi wemweya uripo kuugamuchira.

Uye zvino, mutumbi uno paunounzwa pano, munyika ino, sekuunzwa kunoitwa mwana, pane mutumbiwo zvakare usingafe wakamirira kugamuchira mweya paunodzoka kwauri zvakare. O, chinhu chikuru zvakadini! Isu tiri—isu tiri muna Kristu Jesu zvino, (ameni), vacheche, vacheche munaKristu, vana vaMwari, takamirira kudzikinurwa zvakakwana, paKuuya kwaIshe wedu Jesu, uko . . . kutigamuchira kumusoro kwaAri, apo mutumbi, uno unofa, unopfeka kusafa.

<sup>53</sup> Kufananidza, zvinhu zvose zvaAkaita, zvinoratidza zvinhu zvichazouya. Sekungopihwa kwaunoitwa mutumbi pano,



sezvingori mutumbi uno, waAkakupa kuti urarame mauri, unongoratidza kuti pane umwe uri pamusoro, usati, wauya. Maona? “Kana tikatakura, kana kuti takambotakura chimiro chewepanyama, tichatakurawo chimiro cheweKudenga,” usingatakure chakaipa mune uyo unouya. Zvino, uno uyu unotakura chakaipa, hurwere, rufu, kusuwa. Ndichangoratidza pano, nguva pfupi yapfuura, ndichiparidza pamusoro pe *Kusandurwa KweShoko RaMwari*, kuti—kuti mutumbi uno, une chakaipa mauri.

<sup>54</sup> Zvino budiriro yese yevanhu yatinorarama mairi ndeyadhiyabhorosi. Hauzvitiendi? Bhaibheri rinotaura kudaro; nyika ino, hurumende yose. Hatidi kuzvitenda. Asi Bhaibheri rinozvitaure pachena, kuti hurumende yose, humambo hwese hwepanyika, ndezvadhiyabhorosi uye zvinotongwa nadhiyabhorosi. Jesu akatorwa naSatani, kuenda mudenga, ndokuMuratidza humambo hwese hwenyika hwaivapo, hwaizovapo, nezvose. Zvino Satani akaatora, kuaita ake, uye Jesu haana kumboita nharo naye, nokuti ndiye chimwari chenyika ino. Maona? Zvino akati, “Ndichaapa kwaUri kana Ukawira pasi wondinamata.” Maona? Aiyedza kuapa kuna Jesu, pasina chibairo. Maona? Kwaiva kutengeserana kwaaizoita naYe.

Asi nyika yakanga yatadza. Saka, mubhadharo wechivi waiva rufu, zvino Aifanira kufa. Ndokusaka Mwari vakaratidzwa mumutumbi wenyama, kuitira kuti Atore rufu paAri, kuzobhadhara mubhadharo. Hapana chinofanira kudzoka. Hapana chikwereti. Kupihwa mahara, mubhadharo wakaitwa mahara. Chikwereti chose chakabhadharwa. Yava yaKe zvino. Uye tiri nhengo dzeHumambo hwaKe, takaungana pano manheru ano, muZita raJesu Kristu Mambo wedu, tigere munzvimbo dzeKumatenga.

<sup>55</sup> Zvino, munyika ino yatinorarama, dzidzo ino, ndinoda kukuratidzai, fundo, sainzi, budiriro yevanhu, nezvinhu zvese izvi zvatinoita sekufarira nhasi, ndezvaSatani, uye zvichaparara. Unoti, “Hama Branham, budiriro yevanhu?” Hongu, changamire. Zvino budiriro yevanhu iyi yakauya naSatani. Genesi 4 inozviratidza. Mwanakomana waKaini, munaona, akavamba budiriro yevanhu ino, kuvaka maguta, nemaogani, nezvakadaro. Uye budiriro yevanhu yakauya kubudikidza nezivo. Zivo ndiyo iyo dhiyabhorosi akatengesera Evha, mubindu reEdheni, zvakakonzero kuti awe, atadzire murairo waMwari.

Saka pachange paine budiriro munyika yatiri kuenda kwairi, asi inenge isiri mhando iyi ye budiriro yevanhu, nokuti mubudiriro yevanhu ino tine hurwere, kusuwa, ruchiva, rufu, zvinhu zvose mubudiriro ino yevanhu, handizvo. Asi mubudiriro iyoyo panenge pasina kana chimwe chete chezvinhu izvi. Tinenge tisingade sainzi.

Sainzi kutsveyamiswa kwechepakutanga, zvakadaro. Maona? Unopatsanura chizenga, kuti upatsanure maatomu woita *chakati-nechakati*, kuti zvikuputitse. Unotora unga, wopfura *sezvizvi*, kuuraya chimwe chinhu. Unotora motokari. Wotora peturu kubva muvhu, nezvicherwa kubva muvhu, kupfudzunura zvakabata nyika, kuitira kuti iputike. Wodzika nenzira uchimhanya mamaera makumi mapfumbamwe paawa imwe chete, wouraya mumwe munhu. Maona? O, kuhutahuta kwazvo, kumanikidzika, kuchimbidza; tinosaidzira, nokutora. O! Maona? Zvose ndezvadhyaibhorosi.

Humambo hwaMwari huchange husina motokari, ndege, kana imwe budiriro yesainzi. Kwete. Hunenge husina dzidzo yenjere, zvachose. Inenge iri fundo yakapfuurira ino, zvekuti ino iyi haitombofungwi nezvayo. Maona? Fundo, budiriro yevanhu, nezvose izvi, zvinobva kuna Satani.

Zvino, unoti, “Hama Branham, sei muchiverenga, zvino?”

<sup>56</sup> Onai, sekungoti, sei ndichipfeka hembe zvino? Mubudiriro yaizouya, inova yekutanga, zvaisada kuti vapfeke hembe. Vaive vakafukidzwa. Vainge vasina chikonzero chokuti vapfeke hembe, nokuti vaisaziva kuti vakanga vasina kusimira. Zvino iwe. . . Zvino unoona, kuti, iye zvino, zvararo, zvatava kuziva kuti isu ha—ha—ha—hatina kusimira, chivi chinogara pano, naizvozo tinofanira kupfeka hembe. Asi zvakanga zvisina kudaro pamavambo; pakanga pasina chivi. Maona?

<sup>57</sup> Zvino, zvimwe chete zviri munzira yebudiriro yevanhu, zvose. Tinoverenga, tinonyora, tinoita izvi, asi usambofa wakaita kuti usungikane mazviri. Usambofa wakaita kuti ive mwari wako, nokuti ndimwari wecommunism. Maona? Haisi yaJesu Kristu.

<sup>58</sup> Jesu Kristu ndewekutenda; kwete zvaunogona kuratidza kubudikidza nesainzi, asi zvaunotenda. Handikwanise kuzviratidza kwamuri nesainzi, manheru ano, muchivakwa chino, kuti kuna Mwari, asi zvakadaro ndinoziva kuti Aripo. Asi, nekutenda kwangu, kunozvisimbisa.

Abrahama aisagona kuzviratidza nesainzi kuti aizova nemwana kumudzimai uya, uye mudzimai akanga oda kusvika makore zana ekuberekwa. Asi kutenda kwake kwakazvisimbisa. Maona? Hazvina kumboda kusimbiswa nesainzi. Handiti, iye. . . Handiti, chiremba aizoti, “Harahwa iyi inopenga, ari kutaura kuno kuti ari kuzova ne—nemwana nemudzimai uyo; iye aine makore zana, uye mudzimai makumi mapfumbamwe.” Asi, munoona, Mwari vakataura kudaro, saka hazvina kutora sainzi. Zvinotora kutenda, kutenda Shoko raMwari, kwete sainzi.

<sup>59</sup> Saka, zvikoro zvedu nezvinhu zvinongofurira. Nokuti, Mwari haana kumboti, “Endai mberi mugadzire zvikoro,” kana kumboti, “ivai nezvikoro zveBhaibheri.” Munozviziva? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Akati, “Paridzai Shoko.”

Ndizvozvo chaizvo. Hurongwa hwedhu hwedzidzo hwakatiendesha kure kubva panaMwari kupfuura chipi zvacho chandinoziva, ndizvozvo, kuenda kure kubva panaMwari. Kwete kuvaka zvikoro, zvipatara, nezvakadaro; zvaiva zvenyika uye neboka iroro. Asi, handina daka navo; vanoita zvikamu zvavo, asi izvozvo handizvo zvakadaro.

Takavaka chipatara, chakaisvonaka, nokushanda nemishonga yakanaka kwazvo yatinayo, uye zviuru vari kufa machiri zuva rega-rega. Asi, o, ini zvangu, muHumambo hwaMwari, hamuna rufu, hamuna kusuwa. Ameni. Hakuna basa nezvinhu izvi zvepanyika. Asi tapfuura kubva kuchinhu ichi, kupinda mumazvirokwasvo aMwari; ayo atinotambura zvikuru kuedza kuawana, kubudikidza nesainzi. Patinowedzera kubudirira nesainzi, tinowedzera kuunza rufu pakati pedu. Tiri kurwa hondo yatiri kukundwa, saka zvisiyei. Uye nekutenda, tenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, manheru ano, uMugamuchire. Ndiye Wacho.

<sup>60</sup> Sainzi iri kukugadzirira chii? Rumwe rufu. Ndizvozvo. Masputnik nezvose zvichienda mudenga, uye zvinhu zvose izvi, kuzoparadzira rufu nezvose panyika. Usatarisa kuna izvozvo. Tendeutsa musoro wako kune zvikuru kupfuura izvozvo, wotarisa Kudenga. Tarisa pagere Jesu, “Kuruoko rwerudyi rwaMwari,” manheru ano, “mupenyu kuti ave anoreverera kupupura kwedu,” kwezvatinotenda, Shoko raKe kuva Chokwadi.

<sup>61</sup> Zvino, tinoona kuti, hupenyu huno hunotakura zvakaipa zvakasiyana-siyana, saka nokudaro hupenyu hunotevera hunenge husinazvo. Uno une ruchiva, nehurwere, rufu. Nokuti, chii? Haisi imba yaAkaenda kunogadzira. Ino imba yehurwere. Vangani vanoziva kuti imba yehurwere chii? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chokwadi. Zvakanaka, ndiyo yauri kurarama mairi. Mumba yehurwere ndimo mavanoisa vanhu vose vane zvirwere. Zvino, zvakangoitwa nechivi kwatiri, kutiisa mumutumbi wehurwere wepanyama. Iwe wakanga. . . Vaisabvumira mumwe munhu kuti apinde muimba yehurwere, nokuti mune utachiona hwakasiyana-siyana unenge uchitenderera imomo, zvino—zvino vanhu vanozobata utachiona uhwu zvino—zvino vovorwara, pachavo. Zvino chivi chakatiunza muimba yezvirwere yadhuyabhorosi.

<sup>62</sup> O, asi imwe yacho inonzi, “Imba yaBaba vaNgu.” “Ndinoenda kunokugadzirirai pokugara. Kukubuditsai muimba ino yehurwere ndokupinzai muImba yaBaba vaNgu.” Ameni. Hezvoka kwamuri; kukubuditsai muimba ino yehurwere yepanyama. Akaenda kunogadzira nzvimbo, nzvimbo yakakwana isina kuipa, isina hurwere, isina kuchembera, isina rufu.

Inzvimbo yakanyatsa kukwana ichikudanira pakukwaniswa uku, uye unofanira kunge wakatokwana kuti usvikeko. Bhaibheri rakadaro. Jesu akati, “Naizvozvo muve vakakwana, saBaba venyu vari Kudenga vakakwana.” Humambo hwakakwana, saka vanofanira kuva vanhu vakakwana vanouya. Nokuti, unofanira kumira wochata neMwanakomana waMwari akakwana, zvino unofanira kuva Mwenga akakwana. Saka unogona kuzviita sei kunze kweShoko raMwari rakakwana, rinova, “Mvura dzekupatsanura, dzinotigeza kubva kuzvivi zvedu”? Amen. Ndizvozvo. Ropa raJesu Kristu, Rifungei, Shoko, rinojuja Ropa. Amen. Ropa, Sho—Shoko raMwari rinojuja Ropa, kugeza Mwenga mariri. Amen. Hongu, changamire. Mwenga anomira akakwana, mhandara, asina kusvibiswa. Haana kumbobvira atadza, pakutanga. Amen. Akateiwa makuri. Maona?

Heyo Imba yaBaba yaAkaenda kunogadzira.

<sup>63</sup> Uyu wakauya nekusangana kwemurume nemudzimai, uye wakabva pakuwa, zvino unofanira kuparara nekuwa. Hazvina basa kuti unovharidzira sei chinhu chekare, uri kuzongowa chete, zvakadaro. Yaperi basa, yaparara, nokuti Mwari vakadaro. Yaparara. Mwari vari kuzoiparadza. Vakataura kudaro. Pachava nekuvakwa patsva kwazvo zvose. Munozvitenda? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Pakutanga, nyika payakabarwa, Mwari pavakabvisa mvura, kutanga, kubva panyika, sezvaVakaita mvura kubva muchibereko chaamai, ipapo nyika yakazvarwa. Hongu. Zvino vanhu vakatanga kugara pairi Mwari pavakavaisa pairi. Zvino vakatanga kutadza. Uye yakabhabhatidzwa, nokunyudzwa, mumazuva aNowa. Zvino ikazocheneswa neRopa reMusiki richiwira pairi.

Uye zvino ndiyo nzira yaunouya nayo, kubudikidza nekururamiswa, kutenda Mwari. Wakabhabhatidzwa mukutendeuka, kana, kuti, mukuregererwa kwezvivi. Wakareurura zvivi zvako pamberi paMwari, iYe ndokukuregerera nokuda kwazvo. Zvino iwe wakabhabhatidzwa, kuratidza kuti wakanga, wakanga waregererwa; uchipupura kuvanhu, nekuratidza kune nyika, kuti unotenda kuti Jesu Kristu akakufira. Zvino iwe . . . Akatora nzvimbo yako, uye zvino iwe wakamira panzvimbo yaKe. Akava iwe, kuitira kuti iwe ugova iYe.

Zvadaro simba raMwari rekuchenesa rakageza kubvisa tsika dzose kubva muupenyu hwako. Waisiputa, nokunwa, nekuita zvinhu zvakaipa, kunyepa, nezvose. Zvino simba rekuchenesa reRopa raJesu Kristu rinouya muhupenyu hwako robvisa zvinhu zvose kubva pauri. Zvikaitika kuti wataura chimwe chinhu chisiri icho, nokukurumidza unoti, “Mirai zvisoma. Ndiregerere iwo. Ndanga ndisingarevi kutaura nenzira iyoyo.”

Maona? Dhiyabhorosi ane muteyo wakagara ipapo. Asi une nyasha dzekudzoka, kana uri Mukristu wechokwadi, unoti, “Ndakanganisa.” Hongu. Saka, nokudaro, zvino, ivo . . .

<sup>64</sup> Zvino, chinhu chinotevera chaunogamuchira, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene neMoto.

Zvino, Mwari, kana Mireniyamu ino yapera, Mwari vachapa nyika ino rubhabhatidzo rwemoto. Rwuchaparadza chinhu chacho chose. “Matenga nyika zvichatsva.” Petro akadaro. Zvino ichava nerubhabhatidzo rwemoto, kuivaka patsva yose. Zvino pachava nedenga idzva nyenika itsva. Ndipo, paya, panogara kururama.

Ndipo patiri. Takabva pakuva vanhu vanofa, vanhu venguva, kuvanhu vemunaZiendanakuenda. Apo Shoko raMwari parakatungidza moyo yedu, tikava vanakomana nevanasikana vaMwari, nehunhu, chizenga chaMwari chiri matiri, chekuva vanakomana nevanasikana vaBaba, Mwari vari Kudenga, chinodanidzira, “Abba, Baba! Mwari wangu, Mwari wangu, muImba yaBaba vangu.”

<sup>65</sup> Zvino, nyika ino yakare inofanira kuparara, nokuti yakauya kubudikidza nekusangana kwemurume nemudzimai. Uye kwakauya kubudikidza nekusateerera, pakutanga. Zvino isu takaberekwa nekusangana kwemurume nemudzimai, kubudikidza nekuwa, uye zvinofanira kudzokera nenzira imwe chete, yekuwa. Asi iyo yaAri kukugadzirira zvino, haigone kuwa, nokuti Ari kuigadzira yakadaro. “Ndinoenda . . .”

Ko dai taizongogara tiri mumutumbi wemhando ino? Haufare here kuti kune chinhu chinonzi rufu? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino hazvishamise here? Asi zvino, ngatitii, semuenzaniso . . .

Makore mashoma apfuura, ndaiva mukomana wechidiki, uye zvino ndave murume wezera repakati-nepakati. Ndine shamwari yakagara apo, VaDauch, vakasvitsa makore makumi mapfumbamwe nematatu okuberekwa, mazuva mashoma apfuura. Vatarisei zvino. Mamwe makore makumi mana kana makumi mana nemashanu, anenge ava ini. Zvino isa mamwe makore makumi mana pavari. Ungaenda kupi? Kwega . . .

<sup>66</sup> Ndinofara kuti pane chimwe chinhu chinotibuditsa muimba ino yehurwere. Pane suwo rakazaruka, rinonzi rufu. Jesu amire pamukova iwoyo. Amen. Vachanditungamira kuyambuka rwizi. Vachandipfuudza nepamusuwo uyu. Pane musuwo mukuru wakamirira mberi, unonzi rufu. Uye nguva yose moyo wako paunorova, uri kuswera kwauri. Uye rimwe zuva ndinofanira kusvika pamusuwo iwoyo. Iwe unofanira kusvika ipapo. Asi pandinosvikapo, handidi kuva mbwende. Handidi kudandizira nokudududza. Ndinoda kuuya kusuwo iri, ndakazviputira munhumbi dzekururama kwaKe (kwete kwangu), kwaKe.

Nokuda kweizvi ndinoziva, kuti, “NdinoMuziva musimba rekumuka kwaKe.” Kutu, paAnodana, ndichabuda kubva pakati pevaka, kuzova naYe, kubva muimba ino yehurwere. Papi zvapo pangawira mutumbi uno, nekupi zvako kwaungaenda, chero zvazviri, ndichabuda rimwe zuva, nokuti AkaUvimbisa kwandiri. Uye tinozvitenda. Hongu, changamire. Ari kugadzira Uyo usingagone kuwa.

<sup>67</sup> Cherechedzai zvinoita amai vane pamuviri, panyika nhasi, kuti mutumbi waamai ava unoshuwira zvimwe zvinhu. Ndiri kutaura, ndinofunga nokutarisira, kune vakuru vose vanonzwisisa. Amai, pakuberekwa kwemwana, kana paine chinhu chisimo mumutumbi wavo, vanotanga kuda kudya chimwe chinhu. Tarisai zvinoita baba . . .

Ndinorangarira ndakakurira, mumhuri yevarombo, uye— uye takanga tisina zvakakwana zvekudya patainge tiri vana vadiki. Vazhinji venyu makatambura zvimwe chetezvo.

Saka kuti, paya, vana vasati vazvarwa, amai vane chavaishuvira. Zvino baba vaitswinyirira zvavainazvo, zvole, kuti vachiwanire mai. Maona? Ndewavo, mutumbi, mutumbi wavo, calcium nezvakadaro zvemutumbi wavo, nezvinovaka muviri zvavanoda. Junie ari kugadzirwa, maona, saka anoshuvira zvinhu, zvekudya kuitira mwana ari kuuya. Uye kuti, vabereki, vanoedza kuzviwana kuitira kuti mwana azoberekwa pakukwanisa kwese zvakakwana uye nokufara. Maona kuti vabereki venyu vanozviita sei? Kana paine chinodiwa, amai vanozvipupurira, munoona, muviri wavo wakagadzirwa. Manzwisisa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Kutu, kana paine chinodiwa pano, kumwana ari kuuya, a—amai vanotanga kushuwira chinhu ichocho.

<sup>68</sup> Zvino, ingomirai kweminiti. Sei tiine mbuserere? Sei tichiungana pamwe chete? Sei ndichigara ndichitsiura vanhu? Sei ndiri kudandzira kwamuri imi madzimai echiPentekosti: “Regai kuisa pendi, kupenda kumeso, nokugera vhudzi renyu, nezvinhu zvakadaro”? Sei ndiri kutaura kudaro? Nokuti, pentekosti yakare yaisambodaro. Nzira chaiyo yeBhaibheri haisi yekuita zvakadaro. Imi vanopfeka zvikabudura nembatya dzevarume, munoziva here kuti Bhaibheri rakati chinyangadzo kunaMwari? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Asi tinozvitendera. Sei Mweya Mutsvene uri kuramba uchidandzira? Unoziva kuti pane chisipo ipapo. Tinofanira kunge tiri muchimiro chakakwana chaJesu Kristu. Tinofanira kunge tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Tinofanira kuzvibata sevana vaMwari.

<sup>69</sup> Kare-kare, imwe nyaya duku yakataurwa. Ndacherechedza imwe hama yechitema yakagara kumashure. KuMaodzanyemba, vaisitengesa nhapwa. Uye zvaiva, pavaiva nenhapwa zasi ikoko, paitwa zvenhapwa, gwaro rerusununguko, risati rapihwa.

Zvino vainopfuura nepo vovatenga, vanhu ivavo, sezvavangaita kunotengeswa, mo—mota tsaru. Vaiva negwaro rekutengeswa, nekutengeswa vanhu ivavo sekunge vaiva—vaiva mota tsaru. Unowana gwaro rekutengeswa nadzo.

<sup>70</sup> Imwe nguva mutengi akauya, kumutengesi. Zvino akanga achizo... Aitenderera paminda mikuru iyi otenga nhapwa. Zvino akasvika pane mumwe munda wakakura pavaiva nenhapwa dzakawanda, uye aida kuona kuti vaiva nevangani. Zvino vose vaiva panze, vachishanda. Zvino va—vakanga vakasuwa. Vaiva kure nekumusha. Vaibva kuAfrica.

Vakanga vavaunza ikoko. Mabhunu akanga avaunza ikoko ndokuvatengeswa senhapwa, saka vakanga vakasuwa. Vaiziva kuti vaine vasiri kuzodzokera kumusha zvekare. Vaizorarama nekufira munyika iyi. Zvino ivo, nguva zhinji, waitakura zvamboko vovarova. Vaivazvinhu zvemuridzi, uye aiita navo zvainge achida navo. Zvino vaingo... Kana akamuuraya, amuuraya. Uye kana iye, chero chii zvacho, aingozviita. Ndi hwo hutapwa, sezvaiva Israeri, zvino—zvino nyika zhinji dzakanga dzapinzwa muhutapwa. Uye waitofanira kutora varanda vainzvisa urombo. Vaingoshanda. Vaichema, munoziva, nguva dzose, uye vakasuwa.

<sup>71</sup> Asi vakacherechedza kuti mumwe wenhapwa idzi, mujaya wechidiki, aiva akabuditsa chipfuva chake, musoro wake wakasimuka seizvi. Vaisamurova. Vaisamuudza zvekuita. Saka mutengesi uya akati, “Ndinoda kutenga nhapwa *iyu*.”

Akati, “Haasi kutengeswa.”

Ndokuti, “Ndinoda kumutenga.”

Akati, “Kwete. Haasi kutengeswa.”

Ndokuti, “Asi ndiye mukuru wavo vose?”

Akati, “Kwete.” Akati, “Haasi mukuru. Inhapwa.”

Iye ndokuti, “Zvakanaka, pamwe munomupa kudya kwakasiyana nekwamunopa vamwe vose.”

Akati, “Kwete. Vanodya vose pamwe chete, muchizarira.”

Iye ndokuti, “Chii chinoita kuti mukomana uyu ave akasiyana zvakadai nevamwe vose?”

Akati, “Pane chimwe chinhu. Ndaishamisika kwechinguvawo, zvakare. Asi mukomana uyo, mutorwa anobva kuAfrica, asi kuAfrica baba vake ndimambo werudzi. Zvino, asi, iye mutorwa kure nekumusha. Anozvibata semwanakomana wamambo. Anoziva kuti, mhiri kwenyika, baba vake ndimambo werudzi. Uye zvino anozvibata, nokuti anoziva kuti mwanakomana wamambo.”

<sup>72</sup> O, hama, hanzvadzi, iwe neni, munyika ino yatinogara, ngatizvibatei sevanakomana nevanasikana vaMwari. Tiri vatorwa pano, asi mazvimbatire edu anofanira kuva

anoenderana nemirairo yaMwari, kuti tiri vanakomana nevanasikana vaMwari. Mazvibatiro edu, tinofanira kuzvibata nokuita, nezvose, maererano nemirawu yakaiswa naMwari.

“Zvino chinyangadzo kuti mudzimai apfeke hanzu yemurume.” Handizvo uye chivi, “Kuti mudzimai agere vhudzi rake,” Bhaibheri rakadaro, “zvinotonyadzisa kuti anamate.”

Unoti, “Ko *ichi*?”

<sup>73</sup> Mumwe munhu akandivinga; muparidzi mukuru, anoremekedzwa, nguva pfupi yapfuura. Akati, “Hama Branham, uyai. Ndinoda kuisa maoko pamusoro penyuu.” Akati, “Muri kuzovhiringidza shumiro yenyu.”

Ndikati, “Chii?”

Akati, “Kupopotera kwamunoitira vanhu saizvozvo.”

Ndikati, “Ndiri kutaura . . .”

Akati, “Ndinozvitenda.” Akati, “Neniwo, ndiri muPentekosti. Ndinotenda kuti madzimai haafanire kuve nevhudzi rakagerwa, havafanire kuisa pendi, nezvinhu izvi zvavanoita, kupenda kumeso kwavo.” Akati, “Havafanire kudaro. Asi,” akati, “Mwari vakakudanirai kuzonamatira varwere.”

Ndikati, “Akandidana kuzoparidza Vhangeri.” Hongu.

Zvino iye akati, “Ndinozvitenda izvozvo. Asi,” akati, “munofunga kuti *izvi*?”

Ndikati, “Hongu. Tarisai zvamunazvo, maprogiramu makuru ese aya, materevhizheni, nezvimwe zvose. Handina chimwe chinhu kunze kwekupindurira kunaMwari.” Ndizvozvo. Ndikati, “Handina chimwe chinhu kunze kwekupindurira kunaMwari.”

Iye akati, “Ini—ini—ini . . . Muri kuzoparadza shumiro yenyu.”

Ndikati, “Shumiro yose inoparadzwa neShoko raMwari, inofanira kuparadzwa.” Ndizvozvo. Zvirokwazvo. Ndizvo chaizvo.

Iye akati, “Zvakanaka, muri kuzoiparadza.”

<sup>74</sup> Ndikati, “Ndiani ari kuzoRitaura zvino? Maona? Mumwe munhu anofanira kuRitaura. Mumwe munhu anofanira kumiririra Chokwadi, hazvina basa kuti Chinorwadza.” Uye shamwari, seMakristu, sevanhu vanotenda kuti tiri kuenda Kudenga, Mweya Mutsvene pachaKe achatifananidzira muShoko raMwari.

Akati, “Unoziva zvekuita?” Akati, “Vanhu vanotenda kuti muri muporofita.” Akati, “Munofanira kunge muchidzidzisa madzimai aya kugamuchira zvipo zvekuporofita nezvakadaro, zvinhu zvikuru, zvepamusoro panzvimbo pezvidiki.”



<sup>75</sup> Ini ndikati, “Ko ndingavadzidzisa sei svomhu ivo vasingadzidze maABC avo? Vasingatomboite kunyange zvinotarisirwa, munoono, zvemazuva ese, ko unozovaudza sei zvinhu zvepamusoro?” Usingatombotangire kubva...Unoda kusvika panoperera manera usati wapfuura nepaanotangira. Ndicho chikonzero muchidonha. Maona?

Tangira kuzasi, wokwira kusvikira wasvika kumusoro sekutungamirwa kwaunoiwa naMwari. Maona? Hupenyu hwako ngahufambirane uye uchitevera chidimbu chese cheShoko iro Mwari akakupa kuti uite.

<sup>76</sup> Zvino fungai kuti Mwari...Tinofanira kuzvibata nokuita seMakristu. Mazvibatiro edu anofanira kunge ari eMakristu. Nokuti, tiri vatorwa pano. Uno hausi Musha wedu. Kwete. Takangaaiswa pano, kwechinguva. Tinofanira kuenda, mumwe nemumwe wedu, manheru ano.

<sup>77</sup> Zvino fungai. Kana Mwari, mutsitsi dzaVo, vanoita kuti mai, mwana muheche asati azvarwa, anenge achida zvivakamuviri, zvino mashoko aamai anotaura kuti, “Baba, ndi—ndi—ndinoda mapudzi, kana nwiwa. Ndinoda ichi, kana chimwewo.” Zviri kunze...Handiti, baba vanoita zvose zvavanogona, kuti vachiwane, nokuti vanoziva kuti vanoda mwana wavo aberekwe akakwana nekukwanisa kwose. Maona? Zvino vanoita zvose zvavanogona kuita, kuti vazviwane.

<sup>78</sup> IYe anokwanisa zvakapfuurira, kuzviwana! IYe Musiki. Zvino fungai kugona kwaKe, kutigadzirira mutumbi, kurama semutumbi waKe pachaKe wakabwinyiswa, kana tichida kurarama. Pane chiri matiri, chinodanira, kukurarama. Uye pane chimwe chinhu chiri matiri chinotidanira kuti tiite zvakanaka. Zvino Mwari vanodana mumwe munhu papuratifomu, kana purupiti, anoparidza Chokwadi chakakwana. Sei? Maona? Zvinokuratidzai. Zvino, kana uri mwana waMwari zveamazvirokwazvo, unotanga kudandzira, “Mwari, bvisai *izvi* pandiri. Ndingisei kubva pane *izvi*. Bvisai zvinhu *izvi* pandiri.” Sei? Zvinodiwa kuMusha wekudenga wauri kuenda kwauri, uko kwaAkaenda kunogadzirira. Unofanira kuva Mwenga weShoko waKristu chaiwo.

<sup>79</sup> Ndaiparidza usiku hushoma hwapfuura pamusoro pechibairo, mumazuva eyananiso. Ndaiparidza pamusoro penzvimbo yega iyo Mwari, Kereke yega iyo Mwari anosangana nemunhu mairi, uye ndeumo, Akati, nzvimbo yaAkaisa Zita raKe. Akati, “Handisi kuzosangana navo mune imwe nzvimbo asi panzvimbo, suwo raNdichaisa Zita raNgu mariri.” Zvino, haAsangane newe musuwo reMethodisti, suwo reBaptisti, kana suwo rePentekosti, kana rimwe rawo. Asi Akaisa Zita raKe muMwanakomana waKe. Iye akati, “Ndakauya muZita raBaba vaNgu.”

Munhu upi zvake anouya, kana mwana upi zvake, anouya nemuzita rababa vake. Iye...Ndinouya muzita raBranham, nokuti baba vangu vaiva muBranham. Uye unouya muzita rako nokuti ndiro raiva zita rababa vako.

Zvino Jesu, Mwanakomana, akauya muZita raBaba. Uye Akati Akaisa Zita raKe, “Musuwo iri raNdakaisa Zita raNgu mariri, ndicho chaiva chibairo.” Zvino munaJesu Kristu ndiyo nzvimbo yega yaunogona kuwana kuyanana nekunamata kuna Mwari.

Unoti, “Zvino, ndiri nhengo yechechi.” Hapana zvazvinoshandura. Unofanira kunge uri munaKristu.

Mumwe mushumiri werimwe sangano, umwe usiku, akataura kwandiri, akati, “VaBranham, tarisai pano. Jesu akati, ‘Ani naani anotenda.’ Bhaibheri rakati, ‘Ani naani anotenda kuti Jesu Kristu Mwanakomana waMwari, akaberekwa neMweya waMwari.’”

<sup>80</sup> Ndikati, “Bhaibheri haritaurewo here, kuti, ‘Hapana munhu anogona kuti Jesu ndiKristu, asi kubudikidza neMweya Mutsvene bedzi?’” Maona? Haugone kuita kuti Bhaibheri rinyepe. Zvinofanira kunyatsopindirana.

Saka unotofanirwa kuberekwa patsva zvakakwana, neMweya Mutsvene mauri, unokupupurira, pachako, kuti unoziva kuti iYe Mwanakomana waMwari. Zvino kana uri, uye chikamu; kana uri mwana waMwari, muShoko raMwari; ungaramba sei Shoko? Ko Mweya Mutsvene ungakuita kuti utende chitendwa sei, kuti unofanira kuita *seizvi*, iro Bhaibheri rakataurawo zvimwe? “Tinofanira kujoina chechi, nokuita *ichi*, kana kuita *icho*,” iro Bhaibheri richinyatsa kukuudza zvekuita? Maona? Zvino paunoUona, unosvetukira maUri, unaWo zvino. Ingoramba uchifamba uchikwidza, zvonogokura.

Se chi—chi—chizenga chinopinda muchibereko chemudzimai ane zai. Zvino zai riya diki parinotanga kutora chimiro, nokubereka zvizenga, harimere chimwe chizenga chemunhu, nechizenga chembwa, nechizenga chemombe. Rinomera zvizenga zvose zvemunhu bedzi.

<sup>81</sup> Zvino kana mwana waMwari, kana uya akafanotemerwa... Izwi risina kunaka kushandisa, asi ndiMwari. Herino Bhaibheri raMwari. Kufanoziva kwaMwari kunogona kufanotemera, nekuita zvinhu zvose kuti zvishande kuhukuru hwaKe. Zvino mbeu yakatemerwa iya, yawaizova, Mwari ndokukudana, uye mbeu diki iya yechapungu imomo yakanzwa Shoko raMwari, inovakira pamusoro, Shoko rimwe chete pamusoro perimwe, pamusoro perimwe, pamusoro perimwe. Harisangane nechitendwa chipi zvacho.

<sup>82</sup> Cherechedzai. “Mumasuwo aya, zuva rega-rega, vanofanira kudya chingwa chitsva chisina mbiriso. Zvino hapana mbiriso yaiwanikwa pakati pavo, mumazuva manomwe iwayo.” Ndizvo

here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Mazera manomwe ekereke, zvino, pasina mbiriso, pasina chitendwa, pasina chawedzerwa. Chinofanira kuva chingwa chisina mbiriso zvachose. “Ngapashaiwe ane mbiriso pakati penyu, zvachose.” Kungoti mbiriso, Shoko pachaRo, ndiro rega. Zvino Shoko iroro ndiMwari. Uye Mwari vakaitwa nyama, muMunhu waJesu Kristu, anova, Suwo racho. “Hero Suwo randinosangana nemi, pakunamata, pamunotevera mirairo yaMwari.”

<sup>83</sup> Naizvozvo, kana iwe, manheru ano, wangouya, iti, “Ndinopira hupenyu hwangu kuna Jesu Kristu,” uye hausati wambogamuchira Mweya Mutsvene; pinda maUri. Unofanira kuzviita. Unofanira kukura maUri. Kumbira Mwari kuti vaturikidzanise Shoko pamusoro peShoko, saizvozvo, kusvikira wava chimiro chakakwana chemwanakomana waMwari, kana mwanasikana waMwari.

Kutora zvinhu zvenyika ino here? Johane weKutanga inoti, “Kana uchida nyika, kana zvinhu zvenyika, chikonzero ndechokuti rudo rwaMwari harwusi mauri zvachose.” Wakanyengerwa. Une rudo rwenyika imomo, uye rwakakunyengera, dhiyabhorosi ndiye akadaro, nekukuturika zvinhu ipapo, achiratidza. Maona? Haugone. . . Zvino, zvadaro, haugone kubuditsa Shoko rimwe chete raMwari kubva muBhaibheri.

Chii chakakonzeresa chivi chekutanga? Kwete nenhema yaingova pachena, asi nokuti Evha akatsveyamisa, zvaakaitwa nadhiyabhorosi, Shoko rimwe chete. Shoko rimwe chete, rakadimbura ngetani, nokuramba kutora Shoko rimwe chete. Ndiwo aiva mavambo eBhaibheri.

Jesu akauya pakati peBhaibheri. Akati, “Munhu haangararame nechingwa choga, asi neShoko rimwe nerimwe rinobuda mumuromo waMwari.” Ndiro Shoko rose raMwari. Munotenda kuti *ndiRo* chizaruro chaKe? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Shoko raMwari rose.

Zvadaro, munaZvakazarurwa 22, Jesu akauya kunaJohane, pachitsuwa chePatmos. Zvino Jesu, “Ini Jesu ndakatumira ngirozi yaNgu kuti igopupura zvinhu izvi.” Maona? “Ani naani anobvisa Shoko rimwe chete kubva Umu, kana kuwedzera shoko rimwe chete kwaRiri, Ndichabvisa chikamu chake kubva muBhuku reHupenyu.”

<sup>84</sup> Kwete kungoti, “Zvakanaka, ndi—ndinotenda panaJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.” Zvakanaka. Zvino chiwedzera rimwe raCho rese kwazviri. Unoti, “Ndakaruramiswa. Ndakapa ruoko rwangu kumushumiri. Ndinotenda munaJesu Kristu.” Zvino unofanira kuberekwa patsva. Unofanira kuzadzwa noMweya Mutsvene. Maona? Chingoramba uchiwedzera, paunenge uchifambira mberi. Uri

kukura kupinda muchimiro chemwanakomana nemwanasikana waMwari. Ini zvangu!

Mwari, vanogona kutigadzirira, nokutipa chishuwo ichi muupenyu hwedu, kuti tinoda kuona chimwe chinhu. Vangani vari muno vanoda kuva naMwari akawedzerwa? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Saka, zvinoratidza kuti pane zvakawedzerwa kuitira iwe. Maona? Uri kuzvishuvira. Marwadzo ako ekubereka osvika zvino. Maona? Unoda zvimwe, kuitira kuti tigofara, takasununguka, nokukwana. Tinofanira kudaro.

<sup>85</sup> Sechizenga cheupenyu chi—chi—chidiki chinova... muchipfuva chaMwari, sezvakangoita, nechizenga cheupenyu chiri muchipf-...muchipfuva chaamai. Mwari ari kukura; nokuzoenda, akaenda, kunotigadzirira nzvimbo, yokugara munaZiendanakuenda naYe; kwete nzvimbo ine imba yehurwere, rufu, chivi, upombwe, netsvina yenyika ino. Kana pfungwa yako iri pana izvozvo, zvinoratidza kuti hachina kumbobvira chasangana naMwari. Maona? Wakashungurudzwa. Pfungwa dzako dzakadzimaidzwa.

Wakangojoinha chechi ndokuti, “Zvakanaka, ndiri nhengo yeiyi. Amai vangu vaiva nhengo yeiyo.” Zvingange zvaiva zvakanaka muzuva raamai vako, asi tiri kurarama mune rimwe zuva.

<sup>86</sup> Mharidzo yaWhisiri haaimbogona...Haaimbogona kutora Ruther. Ruther aitenda mukururamiswa, asi Whisiri aiva nekucheneswa. MaPentekosti vakauya, vaisagona kugamuchira kururamiswa chete, nekucheneswa. Ivo, yaiva nguva yekudzoreredzwa kwezvipo. Zvino tiri kubva ipapo. Maona?

Nhano nhatu dze—dzeMuzambiringa uchikura. Kutanga, tsuri, Ruther anouya, kubva pakuvandudzwa. Zvakanaka. Ndiro raiva dzinde. Tarisai zvisikwa. Mwari nezvisikwa zvinoenderana, nokuti Mwari vari muzvisikwa. Maona? Chinotevera, mchekechera, mukume, zera reMethodisti. Zvino ndokuzouya rePentekosti, O, ini zvangu, zvinonyatsoenderana, munoono, sezvakangoita mbeu yegorosi inoratidzika segorosi chairo, mbeu yegorosi. Ivhure, hamuna gorosi imomo, zvachose. Chikwande, chinoItakura, asi Upenyu ihwoho huri kufamba huchienda mberi. Maona?

<sup>87</sup> Ivo shureko muzera raRuther vakagamuchira Ruther. Upenyu ihwoho hwakapfuura, asi hwakaenda ndokunova sangano. Chekutanga munoziva, rakangova sangano richanopiswa kumagumo aro. Maona? Dzinde rinooma; ringori chinotakura. Vamwe vavo vachiri kungoedza kugara mudzinde rekutakura rekare, risingazive chinhu pamusoro paMwari, rakafa. Vanoti, “Zvakanaka, honai, tiri shizha. Taiva Ruther.” Zvakanaka. Asi tarisai pazvava zvino. Maona?

“Taive maMethodisti.”

Kunyangwe, “Taiva maPentekosti.” Asi tarisai Pentekosti, kutonhora nekutevedza tsika kwairi kuita, kuti munhu wese ari kufamba achienda. Maona? Chii? Yaiva chinotakura Mbeu yechokwadi. Maona? Vamwe vose vaiva chinotakura, asi vakanoita sangano. Kana ukati, “Ndiri muPentekosti,” kunaMwari hazvina kumbosiyana nokuti wati uri muRoma Katorike kana muJudha, kana chero zvaungava.

<sup>88</sup> Unofanira kuzvarwa, Hupenyu huya hunouya kubudikidza nechinotakura chiya. Usarambe uri mudzinde. Usarambe uri mumbeu. Enda mberi unobuda kunzvimbo yakakwana.

<sup>89</sup> Zvino, rangerirai, kuvandudzwa kwese kwatakava nako, pamaLutherani nevakadaro, vakaita sangano mumakore matatu. Ndizvozvo. Rumutsiriro rwega-rwega rwakaunza sangano mumakore matatu.

Fungai kuti urwu rwava nenguva yakareba sei rwuchingoendeka, makore makumi maviri neanoraudzira, uye hapana sangano. Sei? IMbeu, iri kubuda, ichikura pasi pechikwande, *sezvizi*. Yakaremba, zvino inofanira kupinda muHupo hweMwanakomana, kuti iibve kuva gorosi rakabwinyiswa seiRo rakapinda pakutanga. Kereke yemazvirokwazvo yakadyarwa, kutanga, iri kudzoka zvakare nemudzinde, kuti izova, imwe Kereke, panouzouya muchina wekukohwa kuzoItora. Hupenyu hwakadzika nemunaRuther, Hupenyu hwakadzika muMethodisti, Hupenyu hwakadzika muchiPentekosti, huchauya mugorosi. Huchanyatsopinda hwese mugorosi, nokubuda, kugadzira Mutumbi waJesu Kristu wakakwana.

<sup>90</sup> Sezvakangoita zuva rinobuda, mangwanani. Haugone kutarisa zvisikwa kunze kwekunge zvichipupura Mwari. Hautombodi Bhaibheri, kuti uzive kuti Mwari ariko. Zuva diki parinobarwa, karusvava kasina simba. Panguva dzaseven o'clock mangwanani, rinoenda, rakananga kuchikoro. Ten kana eleven o'clock, rapedza. Twelve o'clock, rinenge rasamhuka rakasimba. Nguva dza three o'clock masikati, rave kuchembera. Seven kana eight, six... Five kana six o'clock masikati, rave kuremba mapendekete. Rofa. Ndiko kupera kwaro here? Kwete. Rinomuka zvakare mangwanani anotevera. Upenyu, rufu, kuvigwa, rumuko!

<sup>91</sup> Tarisai mashizha achiuya pamiti. Rinobuda, shizha rakanaka, rakasvibira; wounza mumvuri; wobereka michero yawo. Chinotevera, chekutanga munoziva, matsutso anosvika, ourova, rufu; unomhanya uchidzika kupinda mumidzi, muvhu zvakare. Ndiwo magumo aro here? Pfumvudza inotevera rinomuka zvakare kuzopupura. O! Ndiwo hupenyu hunoenda mberi.

Asi, hama, hanzvadzi, tine Hupenyu Husingaperi. Tine Hupenyu Husingaperi kubudikidza neuYo Mukuru akauya,

akaenda, anogona kutigadzirira mutumbi. Zvino marwadzo ekukura atiri kunzwa aya, semi madzimai munonzwa kupomerwa nezvamunoita, nemi varume vanobatirira padzidziso dzemaseminari, nezvakadaro, mose munoda kuti, “Ndi—ndinodzokorora chitendwa ichi. Ndinoita *izvi*.” Asi pane chimwe chinhu chiri pakadzika mauri, paunoona meso emapofu achizarurwa; matsi ichinzw-...bofu. Zvinhu zvose izvi zvakavimbiswa. Kuona Shoko richiparidzwa musimba raRo. Kuona pfambi, kubva mumugwagwa, ichiitwa mudzimai kwaye. Kuona—kuona chidhakwa chichibuda imomo, kuzova mutsvene waMwari wemazvirokwazvo. Ini zvangu! Maona? Pane chimwe chinhu, Hupenyu imomo. Zvino unotanga kunzwa, “Zvino, zvichida handifanire kudaro.” Asi, honai, zvazviri, chimwe chinhu chiri kudiwa neMutumbi wako uri mhiri. “Hande.” Asi Mwari vane zvivakamuviri zvacho *Muno* chaimo wechidimbu chese cheMutumbi iwoyo. Jesu wakaenda kunogadzira nzvimbo muchipfuva chaMwari; hongu, changamire, chizenga chidiki, mwanakomana waMwari, mwanakomana kana mwanasikana mudiki waMwari.

<sup>92</sup> Jesu akangokumbira chinhu chimwe chete bedzi, mumunamato waKe kunaBaba. Munoziva kuti chaiva chii? Chinhu chimwe chete, mushure meKuva chibairo kwaAkaita panyika pano, hupenyu hwaAkararama, nenzira yaAkafamba. Akakumbira chinhu chimwe chete, “Kuti apo paNdiri, ivo vagovapowo.” Akakumbira kuyanana nesu. Ndicho chinhu chega chaAkakumbira Baba mumunamato, kuwadzana newe nekusingaperi. Kana muchida kuzviverenga muna Mutsvene Johane 17, ndima 24. Ko zvino tinofanira kuMushuvira zvakadini? Kana Aine chishuwo...

Teerera! zvino. Kana wakanyatsoberekwa neMweya waMwari, zvinoreva zvose kwauri. Maona? Harisi rimwe bhuku remitemo. Haurarame nemitemo nezvakadaro. Unorarama nenyasha dzaMwari, Mweya waMwari.

<sup>93</sup> Ndinogara ndichizvita. Semumishinari, ndichienda mhiri kwemakungwa. Ko ndikadana mudzimai wangu, nevana vangu, “Zvino tarisai kuno, vana! Teerera kuno, Mai Branham! Ndiri murume wako. Hauchazombova nevamwe varume pandinenge ndisipo. Kana ukadaro, ndichakumenya pandinodzoka kumba”? Uh-huh. Maona?

Ndotsika pasi nesimba, “Vana, manzwa zvandareva?”

“Hongu. Hongu, baba. Hongu, baba.”

“Mugondiudza chimwe chete chinenge chakanganiswa? Maona?” Munooona? Zvino, ungave musha here iwoyo?

Zvino ko mudzimai akati, “Zvino, mapedza here, changamire? Zvino ndinoda kukuudza chimwe chinhu. VaBranham, ndini mudzimai wako wawakachata naye pamurawo! Hauchazodanana nevamwe vasikana paunenge

waenda, zvakare”? Zvino, ungava musha here iwoyo? Zvino, chinenge chiri chimwe chinhu.

Hatidaro. Ndinomuda, uye anonidida. Paanoziva kuti ndave kuenda, anoziva kuti handiende kunze kwekunge Ishe vandidana kuti ndiende. Tinopfugama pasi, toungevanidza vana. Tonamata. Ini ndoti, “Mwari vanodikanwa, chengetedzaiwo mudikanwa wangu mudiki, nevana vangu.” Ivo vanoti, “Mwari, chengetedzai baba patinenge taenda, pavanenge vasipo.” Uye zvino patinozoenda mhiri. . .

<sup>94</sup> Zvino, ko kana ndikaita chimwe chinhu chakaipa ndiriko? Ko ndikatadza, ndikaita chimwe chinhu chakaipa? Ndzodzoka ndoenda kumudzimai wangu anonzwise tsitsi, ndomirapo ndakatarisa chiso chake chiri kuunyana, nevhudzi rake riri kuita imvi, ndofamba kuuya kwaari ndoti, “Mudiwa, ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Unoziva kuti ndinokuda.”

“Zvirokwazvo, Bill, ndinoziva kuti unondida.”

<sup>95</sup> “Ndikuudze zvandakaita. Ndakaenda nemumwe musikana kumba.” Ndo—ndoti, “Ungandiregererawo here pamusoro pazvo?” Ndinotenda kuti anodaro. Ndinozvitenda zvirokwazvo. Asi ndingadaro here? Pandinotarisa, ndimire ipapo, ndichiona vhudzi rake richiita imvi, nokuziva kuti akamira pakati pangu nevanhu vose, ndichiziva kuti agara ari mudzimai akanaka zvakadini, ndingadaro here? Ndi—ndingatofa pane kumurwadzisa. Ndingatodaro.

Zvino kana zvakadaro, murudo rwepanyama kumudzimai wangu, rwunokundwa zvakadini nerudo rwangu rweagapo kunaMwari! O, hapana chandingazoita kuMurwadzisa. Zvirokwazvo kwete. Ndi—ndinoMuda. Ndinoda kuita chinhu chose chaA—Anoda kuti ndiite. Ndinoda kufambirana neShoko rimwe nerimwe raAkataura, zvisinei kuti nyika inotii. Ivo, havasi kuzoRitenda, zvakadaro. Ndinoda kuziva zvaAkataura kuti ndiite. Uye kana ndiine chandinoshaiwa, ndinoda kuti iYe agondipa. ToMuraramira, tichizvichengeta kubva kunyika.

<sup>96</sup> Mutumbi uno wepanyama une wawo. . . Regai ndikuudzei. Mutumbi uno wepanyama waunodisa, wamunoita kuti utodze Hollywood. Uri pedyosa nawo. Inenge isisipo munguva pfupi. Munorangerira. Makanzwa chiporofita, munoono, Ishe chavakandipa, “Iri kuzonyura.” Hongu, changamire. Cherechedzai. Ichadaro. Ingotaraisai. Zvino, haUsati, wambondiudza zvisizvo. Ndinozviunza kuna ani naani zvake angada kupikisa. Handizive kuti riini kana kupi, asi yaparara. Kutongwa kwakaremba piri. Hapana rudzikinuro kwairi; yakadarikira. Maona?

<sup>97</sup> Zvino cherechedzai izvi. Muraramirei, nekuzvichengeta pachedu kubva kunyika. Zvino tarisai. Munotarisa paterevhizheni, vamwe venyu imi hanzvadzi, zvino moendako muchida, imi madzimai echidiki. Muri vechidiki. Ndinozviziva.

Asi muri Makristu. Munoono? Makasiyana. Hamudi kufanana nenyika. Munoda nyika. Hamusingori imi vechidiki; vamwe venyu imi vakuru. Maona? Zvino, chii chinozvidarisiro? Maona? Munoono terevhizheni, moenda kuchitoro, moonu tuhembe tuyu tunopfekwa nemadzimai, tusina humwari.

Munoziva zvichaitika paZuva reKutongwa? Unogona kunge wakatendeka kwazvo kumurume wako, asi neZuva reKutongwa uchapindurira kuita hupombwe. Jesu akati, “Ani naani anotarisa mudzimai achimuchiva atoita upombwe naye mumoyo make.” Ndiani ane mhosva? Ndiwe. Maona? Wazviunza wema pachena, izvo zvikabudura nemidhebhe.

Mumwe mudzimai akataura kwandiri, nguva pfupi yapfuura, akati, “Handipfeki zvikabudura, Hama Branham. Ndinotenda Mwari nokuda kwaizvozvo. Ndinopfeka midhebhe.”

<sup>98</sup> Ndikati, “Zvakatonyanya kuipa.” Zvakatonyanya kuipa. Ndizvozvo.

<sup>99</sup> Haugone, potse, kutengera mudzimai dhirezi. Mudzimai akati, mumwe mukadzi akati, “Zvakanaka, mataura chokwadi. ‘Haugone. Haugone kuritenga.’” Asi vachiri kutengesa machira nemichina yokusona. Maona? Saka hapana chikonzero, zvachose. Maona? Maona?

Zvinobva zvaratidza, hanzvadzi. Ndiri hama yenyu. Uye ndiri muranda waKristu, anofanira kuzopindurira paDanho reKutongwa kuzvinhu zvandiri kutaura pano manheru ano. Maona? Uri kuzomira, uine mhosva yeupombwe, nokuti rudo rwaMwari rwabvinza kubva mumoyo mako. Uchiri kuenda kuchechi. Unogona kunge uchiri kutamba muMweya. Unogona kunge uchiri kutaura nendimi. Uye zvinhu izvozvo zvakanaka, asi handiwo zvino. Kwete, changamire.

<sup>100</sup> Rangarirai, Bhaibheri rakati, “Mumazuva ekupedzisira kuchauya vanaKristu venhema,” kwete vanaJesu venhema. Havangambomirira izvozvo. Asi, “vanaKristu venhema,” vazodziwa venhema. Zvirokwazvo vakazodzwa neMweya, neMweya Mutsvene, asi vachiri venhema. Maona? Pane vaviri. . .

<sup>101</sup> Pane vanhu vako vatatu. Wekunze ndiwo mutumbi. Une manzwiro mashanu, aunoshandisa kubatana nemusha wako wepanyika. Wemukati mweya. Mune manzwiro mashanu imomo, rudo nehana, nezvakadaro, zvaunoshandisa. Asi mukati mawo mune munhu wemukati.

<sup>102</sup> Rangarirai, “Mvura inonaya pavakarurama nevasina kururama.” Mvura imwe chete inoita kuti gorosi rikure inoita kuti tsine dzikurewo zvakare. Maona? Chii? Mukati membeu iyi mune hunhu, uye hunhu uhwu hunoratidza, hunozviratidzira. Rinogona kumira mumunda mumwe chete, imomo nesora. Sora negorosi zvinomira pamwepo, nokufara zvakangofanana.



Rorembedza musoro. Rine nyota yekunwa. Kana kwonaya, tsine dzinokwanisa kudanidzira neruzha rwakangofanana nerwegorosi. “Asi nemabasa avo muchavaziva.” Maona?

<sup>103</sup> Makristu, ndinogona kutadza kukuonai zvakare. Maona, ava makore mazhinji kubvira pandakanga ndiri pano. Ndinogona kusazokuonai zvakare. Ruramai neShoko raMwari. Tarisai muchiringiro.

Sekamwe kakomana imwe nguva, kakanga kari kunze kumaruwa, kasati kamboona chiringiro. Kakauya kumba kwatete vako—vako. Kakatanga kukwira masitepesi. Kakaona chiringiro, ndokuona kamwe kamukomana muchiringiro ichi. Kakaramba kachifamba kachikwidza, kakatarisa. Zvino—zvino kaivheyesa ruoko, kamukomana kaye kovheyesawo. Zvino kakaramba kakatarisa. Kakange kasati kambozviona muchiringiro. Saka pakakazosvika pedyo nacho, kakatenderera, ndokuti, “Nhandi, Amai, ndini uyo!”

<sup>104</sup> Unoratidzika sei, muchiringiro chaMwari? Chinoratidza mwanasikana kana mwanakomana waMwari here? Pane chimwe chinhu here, chekuti, ukaRinzwa, chinoita kuti uvenge munhu ari kuRitaura? Kana kuti, pane here chiri kudhonza, kuti, “Ndinoziva kuti murume uyu ari mugwara nokuti zviri muMagwaro”? Zvino, ndizvo zvivakamiviri zvinodiwa nemutumbi uno wakagadzwa kuti uvepo, imba ichadiwa neimwe iya kana wasvikako. Maona? “Imba ino; kana takapfeka wevhu.”

<sup>105</sup> Zvino rangarirai, tinofunga zvakanyanya pamusoro pemutumbi uno. Tinoisa hembe dzakawanda pauri. Tinoita zvakawanda, izvo, zvisina basa, kuchinja hembe tachinjazve tachinjazve, nezvinhu zvose izvi. Uye—uye, o, munhu wese.

Ingorega mumwe munhu atange kuita chimwe chinhu. Ukapenda masitepesi ako nependi tsvuku unoona vanaJones vapenda avo kuita matsvuku. Ukachinja motokari kubva kuChevrolet kuFord, havangagone kusiya zvakadaro. Inguva yekufananidza. Iwe rega... Regai mukadzi auye kucheche, akapfeka imwe mhando yenguwani, tarisai muone mamwe madzimai ese achava nayo; kunyanya mudzimai wemufudzi, munoono, chingotarisa muone zvinoitika. Zvino, ichokwadi. Ndicho chokwadi chakakwana. Inguva yekufananisa. Hama, inofanira kuva nguva yekufananisa. Uye zvinhu zvose izvi—zvose izvi zvi—zvone chinangwa.

Handina hany’a nekuti bhatye rangu rinopindirana nemudhebhe wangu here. Zvino ndinowana nguva yakaoma. Mudzimai wangu kana muroora wangu, mumwe munhu, anotofanira kundiudza mhando ye—yetayi yekupfeka nazvo. Ha—handina basa nokuti zvinopindirana hazvo, here. Ndinoda kuti chitiko changu chifanane neShoko raMwari. Ndicho chinhu chacho, nokuti ndiko kwandiri kutarisira kunorarama; kwete zasi kumucheto uko navanaJones, asi mhiri muKubwinya

uko Jesu, wakaenda kunotigadzirira nzvimbo. Hongu, tinoda ichocho. Hongu, changamire. Ibvai pane zvose izvi.

<sup>106</sup> Tabhenakeri ino yevhu, munoziva kuti chii? Mutumbi uno wakaita kunge bhatye tsaru raunopfeka, bhatye rawaisimbopfeka. Asi iye zvino wava nerimwe riri nane chose, haucharishandisa zvakare. Unoitei? Unorirembedza mukabati, nokuti wava nerimwe riri nane. Wava nebhatye riri nane. Riri pamberi kupfuura rawaisipfeka, rakapera basa. Chii? Ihanzu iya. Uri icho chiri mukati macho. Hanzu iyi yakangodini zvino? Yakatakura mufananidzo wako. Maona? Asi hauchaida zvakare zvino. Wakairembedza. Chidhende.

Zvino ndizvo zviri mutumbi uno wakare, kwauri, wakatakura chimiro chewekudenga. Asi, hausiriwo iwe. Iwe uri mukati memutumbi iwoyo. Iwe, Mweya waMwari, uri mukati memutumbi iwoyo. Ndiwo unoita kuti wekunze uteerere, nokuti wemukati uri kuudhonzwa, munoonwa, kuunza mumutsara weShoko raMwari; mukati mako, iwe pachako, hunhu hwako.

Mutumbi uno unongova bhatye tsaru. Zvino rimwe zuva, uchaita sei nawo, nokuti iwe wa—waiva muhanzu iyi kwechinguva? Unongoita sehanzu yevhu; mutumbi uno. Mutumbi wako—wako chaiwo, iwewe chaiye, uri mukati mebhatye iri rakare ramunoti William Branham, kana Susie Jones, kana ani naani zvake. Maona? Rimwe zuva ucharembera mumba huru yevhu yemurangaridzo wako. Uchaisa uko muguva, uye mumwe munhu achaisa dombo repaguva, “Hepano parere Rev. *Nhingi-nhingi*, kana John *Nhingi-nhingi*, kana *Nhingi-nhingi*.” Ucharara ipapo semurangaridzo wako. Vanhu vakangokuona uri mune *uno*. Uye zvawaiva, iwe wacho chaiye, aiva mukati mawo. Asi jasi rakare, pacharo, raingova “rakatakura mufananidzo weKudenga.”

O, vanhu, makaita gadziriro yekushandura mabhatye here? Makaita gadziriro yeDenga here? Rangarirai, munofanira kunge makaita gadziriro. Haugone kupinda usinayo.

Ndave kutaura kwamuri nemutauro wechimanjemanje zvino, wamunoziva. Kana ukaenda kuhotera, woti, “Zvakana, ndanga ndiine . . .”

<sup>107</sup> “Makafanochengetesa nzvimbo here? Zvino, ndine urombo. Nzvimbo dzose dzakazara.” Uri kunze muchando, nokuti wakataidza kuchengetesa nzvimbo.

Zvino kana ukasvika kumagumo erwendo rweupenyu, usina kuchengetesa nzvimbo, panenge pasina Mumwe anokutambira. Uchatofanira kufamba kupinda muZiendanakuenda rerima kunenge kuine kudanzidzira, kuchema, kuungudza, nokugedageda kwemeni. Unofanirwa. Haugone kupinda muGuta, iwe, nokuti hauna kufanochengetesa nzvimbo. Munofanira kuva nadzo, kuti mupinde muGuta, uko Jesu akaenda kunofanokugadzirirai nzvimbo. Rangarirai,

munofanira kufanochengetesa nzvimbo, uye nguwo yeruponiso, wakaipfeka. Haugone.

<sup>108</sup> Muna Mateo, ndine Rugwaro pano. Ndiri kutarisa Gwaro, Mateo, makumi maviri-...22:1 kusvika 14. Handina nguva yekuriverenga, nokuti tanonoka. Ndataura kwenguva yakarebesa, kwamuri. Asi rangarirai, mambo wakashambadzira mabiko. Akauraya mombe dzake dzose, uye—uye ndokugadzira mhuru dzakakora nezvose, akagadzira mabiko makuru. Ndokutumira, akakoka vazhinji kuti vauye.

Mumwe akati, “Zvakanaka, munoziva, mushure mazvose, ndiri nhengo ye*izvi*.” “Uye ndine *izvi*.” “Ndinofanira kuenda nepurazi rangu.” Uye mumwe akaita zvakanakawanda. Zvino iye akatumira zvakanakare, vakavabata nenzira yakaipa. Zvino pakupedzisira...Raiva rudzi rwechiJudha, Jesu rwaaitaura kwariri. Vaiva nezvimwewo zvekuita.

Zvadaro, pakupedzisira, akatumira, “Akati... Endai. Musango...Ingvagombedzerai. Endai munzira nemumigwagwa, nekweke-kweke, muvagombedzere kuti vauye.” Zvino mushure mazvo, atsunga kuti imba yake yakanga... Mabiko ake emuchato aizogadzirirwa. Pachazova nevakakokwa ipapo.

Zvino akaona murume imomo akanga asina kupfeka hanzu yemuchato. Aida kubatirira pabhatye rakare. Zvino onai zvaakataura. “Shamwari, mushure mekunge ndakukoka kumabiko angu emuchato, zvino ndakakukoka ndikakupapa kokero yekuuya!”

<sup>109</sup> Zvino kana wakambova kunyika dzeKumabvazuva, uko kwandakamboparidza kakawanda, mabiko emuchato iwayo achiri kungoitwa nenzira yaaisitwa. Chikomba, uyo, vose, ane vaenzi vakawanda vaachazova navo. Zvichida, Hama Kopp, zvichida makazviona uko kuIndia. Maona? Ane vaenzi vakawanda vaanozokoka; tomboti ari kuzokoka vanhu makumi matatu.

Zvino, chikomba chinofanira kugadzira hanzu dzacho. Anofanira kudzigadzira, naizvozvo pane murume anomira pamukova. Zvino unouya netsamba yako yekokero. Iye oongorora kokero yako nekukupfekedza hanzu, nguwo. Zvokuti, vamwe vavo vakapfuma, nevamwe vavo varombo, uye vamwe vavo vakasiyana, asi vose vanofanana kana vapfeka nguwo idzi. Vanoratidzika zvakanakawanda.

Zvino mose munofanira kuratidzika zvakanakawanda. Hausi kuzova, woti, “Ndiri weMethodisti kuno *uku*. Ndiri wePresbyteriani kuno *uku*.” O, kwete. Haupinde, pakutanga. Maona?

Unofanira kuuya nepaMukova. Jesu akati, “Ndini Mukova wedanga remakwai.”

“Ndiri wePentekosti. Ndiri *ichi*. Ndiri *icho*.” Hapana chimwe chazvinomboreva.

Unouya nepaMukova iwoyo. Uye ukauya nepaMukova iwoyo, unowana hanzu.

<sup>110</sup> Zvino murume yu, paakati, “Ko wapinda muno sei, shamwari?” Maona?

Zvinoratidza kuti akauya neimwe nzira, nokuuya nepahwinda, akauya nerweseri, asi kwete nepamukova; kwete nepaMukova, nzira yakauyiwa nayo naJesusu, kubudikidza nekuzvipirisa; kuzvipira zvachose kuna Mwari, nokufamba kuenda kuKarivhari kunorovererwa pamwe chete naYe. Nokumuka zvakare, kuzopfeka nguwo yaKe yechibairo nerufu kuzvinhu zvenyika.

<sup>111</sup> “Kana ukada nyika, kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harwusi mauri.” Maona? Kana uchiine chido chenyika, uchida kuita senyika, nekufanana nenyika; uri kuedza...uri... Asi, uri muchechi, asi tsine iri panzvimbo imwe cheteyo negorosi; mudanidzira nevamwe vose, wofara nevamwe vose. Maropafadzo ose epamweya ari pauri chaipo.

Unoti, “Zvakanaka, ndinoporofita.” Ndizvo zvakaitawo naKaifasi. Ndizvo zvakaitawo Bharami. Hazvinei... .

<sup>112</sup> “Ndakawana rubhabhatidzo, Mweya Mutsvene.” Kunyangwe izvozvo hazvinei nazvo. Chingori chipo chenguva pfupi kwauri.

Chipo chaicho munhu wako wemukati umo, munoona, akaberekwa naMwari, uye unotungamira chinhu chacho chese kuShoko raMwari nepakuda kwaMwari. Zvino ipapo unokura, munoona, zvino unova mwanakomana nemwanasikana waMwari. Uri mwana waMwari. Uye zvinhu izvi, paunenge uchiuya...Saamai, zvino uri muchibereko chevhu renyika, uchiedza kubuda. Uri mwanakomana waMwari, ari kubuda, wona Shoko rakati, “Ndinofanira kuita *ichi*. Ndinofanira kuberekwa patsva.”

“Zvakanaka, ndiri wechechi.” Hapana zvazvinoreva. Maona?

“Ndiri muMethodisti; amai vangu.” Zvakanakira amai vako.

<sup>113</sup> “Zvakanaka, ini, ndiri muPentekosti. Ndiri nhengo.” Izvozvo, kana ukasaenderana neShoko iroro, pane chimwe chinhu chakakanganisika. Maona? Zvino, munoona, baba vako chaivo havasi Mwari. Maona? Nokuti, chakanyatsa kutanga munhu wako wemukati, pasati patombova nemweya, aiva munhu wako wemukati. Munhu iyeye haana kubva kuna Mwari, zvino akanga asiri chizenga chaMwari, pakutanga. Wakanyengerwa. Uri pakati pemasora uchiratidza kukura kwemasora enyika. Uchiita senyika, nokuda nyika, nokuti rudo rwaMwari harwusi mauri.

<sup>114</sup> Uye zvino pachave nevazodziwa venhema mumazuva ekupedzisira, kwete Jesu wenhema. Havaimbomirira izvozvo. Asi, vazodziwa, “venhema.” Vakazodzwa, hongu, changamire, asi vanopesana naKristu. Vakazodzwa neMweya, kuita zvishamiso nezviratidzo zvakaitwa naKristu, asi havaite zvinodiwa neShoko raKe. Maona?

“Vazhinji vachauya kwaNdiri, neZuva iroro, vachiti, ‘Ishe, ko handina here kuporofita, nekudzinga madhimoni, nemuZita reNyu?’”

Iye oti, “Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vekusarurama. Handina kumbobvira ndakakuzivai.”

“Ndaiva muPentekosti, Ishe. Kubwinya kuna Mwari! Ndakadanidzira. Ndakataura nendimi. Ndikaisa maoko pamusoro pevanorwara, nokuvapodza, kudzinga madhimoni.”

“Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vekusarurama. Handina kumbobvira ndakakuzivai.”

<sup>115</sup> Maona zvandiri kureva? O, vana vadiki, munonzwa here kuti munoda chivakamuviri ichi manheru ano, chimwe chinhu chiya? Pane muviri wakamirira mhiri. Pane mutumbi wakamirira kugamuchirwa. Vanhu, musanyengedzwa. Musanyengedzwa. Dhiyabhorosi munyengeri. Kunyange ha—hanzu yemuchato, munofanira kuIpfeke. Zvinofanira kudaro.

<sup>116</sup> Zvino tiri munguva yemadekwana. Mutumbi wepanyama wagadzirira kuparadzwa, uye tava kugadzirira kupinda mune weKudenga. Zvino tave kunzwa kudana kwakasanangurwa, kwaMwari, kuenda kuEdheni iri guru. Zvino tisati tagona kuberekwa pano, mitumbi yedu midiki pane chinhu cha—chayaichemera kuti ipiwe, kana kuti tingadai tiri mwana akaremara dai tisina. Mwari haana zvirwere kumusoro uko. Vanongova, mumwe nemumwe, akatwasuka zvakananga, Mwenga akangofanana samare neChikomba, Shoko rakaratidzwa mumwaka waRo. Mwari vatenderei, manheru ano, vana, mumwe nemumwe wenyu! Pane Denga rekuenda kwariri. Pane gehena rekutiza kubva kwariri.

<sup>117</sup> Zvino, vazhinji venyu munoziva kuti Ishe vakandipa zviratidzo, zviuru zvazvo. Chinhu chikurusa... Ndaimbotyira rufu. Makore angaita matatu apfuura, makaona veChristian Business Men, *Kuseri KweChidzitiro CheNguva*. Ndinocherechedza kuti ndinogona kutadza kurarama kupedza usiku huno. Ndinogona kusakuonai zvakare muhupenyu hwangu pano, asi ichi ichokwadi. Ha—handizive kuti ndingachiti chiratidzo, kana zvachaiva.

Mamwe mangwanani, nguva pfupi yapfuura, ndakanga... ndanga ndichangomuka. Ndaive ndadzoka kubva kumisangano. Zvino mudzimai wangu aive avete apo, akakotsira. Ndikati, “Mudiwa, wakamuka here?” Aiva achakarara. Ndaiziva kuti taifanira kumuka, kunoendesa vana kuchikoro.

Zvino ndakaisa maoko angu kumashure, *seizvi*, ndikati, “Zvino, nhai, Bill Branham, unoziva here kuti wapfuura makore makumi mashanu? Iwe, kana uri kuzoitira Ishe chimwe chinhu, zvino wotokasira, nokuti hausisina nguva yakareba yasara.” Ndakafunga, “Ini zvangu, ndinotarisisira kuti ndichagona kurarama kuti ndizoona Kuuya kwaIshe Jesu.”

Ndakagara ndinazvo mupfungwa dzangu, kuti—kuti patinofa, ndaizoono, sezvakaita, hama *pano*. Ndaizoti... “Hongu, makaparidza mukereke mangu, umwe usiku zasi panyika, Hama Branham.” Asi, ari—ari mweya, ndaisagona kukwazisa ruoko rwake, nokuti ruoko rwake rwuri kunze uko muguva, rwakaora, munoono; nerwanguwo, zvakare. Ndaisifunga kudaro.

<sup>118</sup> Asi mangwanani iwayo, paya, ndakanzwa chimwe Chinhu chichiuya pandiri, ndikafunga... Kazhinji, sekuuya kunoita chiratidzo. Ndakatarisa, ndi—ndikatarisa. Ndokufunga, “Ini zvangu! Ko chii ichi?” Uye ndakatarisa, zvikomo zvikuru, zvegirinhi. Zvino madzimai echidiki aiuya kubva kwese-kwese, vari makumi ezviuru, nemazana ezviuru. Uye vose vaiuya, vhudzi refu rakaremba kudzika nemusana wavo, vakapfeka hanzu chena, netsoka dzisina shangu, vachidanidzira, nokushevedzera, “Hama yedu!”

<sup>119</sup> Nda—ndakafunga kuti, “Zvino, izvi hazvinzwisisike.” Ndakatendeuka shure ndokatarisa. Uye hapo pandaiva ndivete chaipo, hapo paiva nemudzimai wangu, akarara pamubhedha ipapo. Ini ndikati, “Zvino, unozivei? Ndafa.” Ndikati, “Kuti, ndizvo zvaitika. Nda—ndafa.” Ndikati, “Ndinogona kunge ndarwara nemoyo, kana chimwe chinhu. Ndafa. Uyo mutumbi wangu uvete apo.” Ndanga ndivete ipapo ndiine maoko angu kumashure, *seizvi*, ndakangooma. Ndakafunga, “Haasi mafiti makumi maviri kubva pandiri.” Zvino hepano pandaiva, ndakatarisa. Ndakafunga kuti, “Ndiye... Uyo mudzimai wangu apo. Apo, pane zvinhu zvose. Shati yangu iyo yakaremba pabango remubhedha apo.” Ndokufunga kuti, “Hepano pandiri.”

<sup>120</sup> Ndakatarisa-tarisa zvakare, uye madzimai ose aya akanga achiuya. Zvino vaiva... Ndakatarisa, kubva kurutivi *uku*, kwaibva nehama dzangu. O! Dzechokwadi. Vese vairatidzika kuva majaya echidiki. Vaidanidzira, “Hama yedu inokosha!” O, ndakashaya kuti ndofungei.

<sup>121</sup> Ndakafunga kuti, “Izvi hazvinzwisisike.” Ndakatarisa shure, uye ndakanga ndisiri murume akwegura. Ndaiva mudiki. Ndikafunga, “Ichi chinhu chisinganzwisisike.” Ndokufunga, “Chiratidzo here ichi?” Ndakazviruma munwe. Ndokufunga kuti, “Kwete. Haisi mhando yechiratidzo chandati ndamboita.”

<sup>122</sup> Zvadarwo, ipapo, Chimwe chinhu chakatanga kutaura neni kumusoro *kuno*, ndokuti, “Wapinda pamwe nevanhu vako.”

Ndikafunga kuti, “Vanhu vangu? Vese ava ndevakwaBranham here?”

<sup>123</sup> Iye akati, “Ndeavo vawakatendeutsa kuna Kristu.” Nemadzimai aya. . .

Munozvira ndakagara ndichinzi, nekuda kwekuti vaindidana kuti “muvengi wemadzimai,” asi handisi. Maona? Nokuti, ndinotenda. . . Ha—ha—handidi tsika dzakaora, dzinonyadzisa. Ndinoda hanzvadzi dzechokwadi, dzaKristu. Kana zvakadaro, zvakanaka.

<sup>124</sup> Ndakamboita mavanga pandakanga ndiri mwana mudiki. Ndinoziva zvinhu zvakaikwa zvakaikwa sokuti zvindiite kudaro. Asi zvose aiva—aiva Mwari, achindigadzira, nokundiumba kuitira nguva ino. Maona?

<sup>125</sup> Ndinofunga kuti hanzvadzi chaiyo, yechokwadi, hapana chinhu chakanaka kumupfuura. Kana Mwari vachigona kupa munhu chinhu chiri nani pane ruponeso, Vanomupa mudzimai. Maona? Zvino saka, zvadaro, kana Vachigona kupa chero chinhu chiri nane, Vangadai vakazviita. Uye zvino kuona vamwe vavo vachipinduka vorega kuzvibata semudzimai wemunhu, vasingatendekei kumhiko dzavo dzemuchato, uye varume vavo zvimwe chetezvo. Rangarirai, makasungirwa mumwe kune mumwe, chero mungori vapenyu chete. “Chinobatanidzwa naMwari panyika, chabatanidzwa Kudenga zvakare.” Maona?

<sup>126</sup> Zvino saka zvadaro nda—ndakaona izvozvo. Zvino madzimai ava vakamhanya vachiuya vachindimbundira nemaoko, ndokundimbundira, vachinditi, “Hama!” Zvino, vaiva madzimai, asi hapagone kuva nechivi munyika iyoyo. Munoono? Vaiva madzimai. Asi, onai, zvatakaita zvino, mudzimai ane tsi—tsinga, tsinga dzechidzimai, nemurume ane tsinga dzechirume, ndedzekuitira kuti vabereke vana. Ikoko kunenge kusina. Vose vanenge vaine tsinga dzimwe chete, asi vanenge vachingori muchimiro. Chimiro chepanyama chavanga vainacho pano chinenge chiriko, asi hakuchazenge kuchigona kuva nechivi ikoko. Mose makafanana. Kunenge kusina vana vanoberekwa ikoko. Maona? Ndizvozvo. Zvose zvichange zvakadaro. Zvino saka ndakatarisa, uye madzimai aya.

<sup>127</sup> Vakanditakura. Hama idzi dzikandiisa pamusoro pane imwe nzvimbo. Ndikati, “Ko sei maita izvi?”

Akati, “Panyika waiva mutungamiri.” Ndokuti—ndokuti, “Iwe. . . Ava ndivo vanhu vacho.”

<sup>128</sup> Zvino mumwe mudzimai akauya. Akati, “Hama yedu inokosha.” Mudzimai akaisvonaka chose!

Paakapfuura, Inzwi iri rakamira, ndokuti, “Hauchamurarangira here?”

Ndikati, “Kwete.”

Ndokuti, “Wakamutungamira kuna Kristu apfuura makore makumi mapfumbamwe. Maona? Hausi kuona sei ari kuti ‘hama inokosha?’”

Ndikati, “Zvakanaka, mu—munoenda here . . .”

Akati, “Kwete. Takamirira tiri kuno.”

Ndikati, “Ndikati, kana ndayambukira, ndinoda kuona Jesu.”

Akati, “Haukwanise kuMuona zvino. Iri ndiro Gwaro racho, rakati, ‘Mweya iri pasi peartari.’ Angori nechepamusoro zvishoma. Nerimwe zuva Achadzoka. Tiri kuzodzokera panyika. Hatidye kana kunwa kuno.”

<sup>129</sup> Ndikati, “Unoreva kuti ndaitya izvi? Nhai, izvi . . .”

Hapana izwi rekuzvitauro, shamwari. “Kwakanaka zvakanakwana,” hari—haringatombosvika ipapo, “kuisvonakisa.” Hapana vara reChirungu randinoziva, hapana izwi zvachose, ringagone kutsanangura zvazviri. Zvinopfuurira chinhu chipi zvacho chandinoziva. Hapo paaiva. Kwaisava nehurwere, hakuna kusuwa. Hawaigona kufa. Hawaigona kuita chivi. Yaiva yakangonaka, yakangonaka. Shamwari, hamufanire, hamufanire kuipotsa. Rangarirai.

<sup>130</sup> Zvino pandakanga ndiri mukomana mudiki, ndakaona chiratidzo chegehena, ndiri mukomana mudiki. Zvino munoziva zvinoita madzimai, nhasi, kana kuti vakadzi (mudzimai haangamboita chinhu chakadaro), kupenda meso avo semhumhi, kana chimwe chinhu chakadaro, zvinhu zviya zveblu muzasi memaziso avo. Ndakazviona. Ndainyura. Semukomana mudiki, ndakanga ndapfurwa, uye ndakanga ndakarara, ndichifa muchipatara. Zvino ndaigara ndichiziva kuti kuna Mwari.

Ndinorangarira munamato wekutanga wandakamboedza kunamata. Chinhu chega chandaigona kutaura . . . Ha—handisati ndambotaura izvi munguva yapfuura. Ndangonzwa kuti ndizvitaure iye zvino. Ndakapfurwa, ndivete ipapo, ndichifa mumunda. Zvino chichemo choga chandaigona kupa kuna Mwari, ndakati, “Munoziva, Ishe, handina kumbobvira ndaita upombwe.” Maona? Sekamukomana kadiki, kane makore angangoita gumi nemashanu, ndakaedza kurarama zvakanaka. Ndikati, “Ndakararama zvakanakana.” Uye ndizvo zvega zvandakakwanisa kutaura. Ndiko chete kwagona kwangu kwandaikwanisa kuVapa.

<sup>131</sup> Zvino ndakarara ipapo, zvadaro, chiremba apedza akafamba kubva pandiri, ndokutanga kuzvinzwa ndichinyura munaZiendanakuenda yerima, sokunge zvaidaro. Ndakadanidzira kuna baba, “O, baba, ndibatsirei.” Kwaiva kusina baba ikoko. “Amai, ndibatsirei.” Kwaiva kusina amai ikoko. “Mwari, ndibatsirei.” Kwaiva kusina Mwari ikoko. Aingova madzikirira, asingaperi, O, anotyisa. Gehena



rinopisa, rine marimi emoto ringatofadza, rikaenzaniswa nayo. Ndichidonha imomo, ndakafunga kuti, “O, ini zvangu!” Kupinduka nokupinduka, *sezvizvi*. Ndakapinda munzvimbo, ine utsi, nerima, uye inorwarisa. Zvino, O, manzwiwo akadaro! Rwaiva rufu pandiri.

Zvino ndaigona kuona madzimai aya achiuya kwandiri, nawo meso akapendwa saizvozvo. Zvino rangarirai, makore makumi mana nemashanu apfuura, makore angaita makumi mana apfuura, zvisinei. Vachienda, vachiti, “Oooh! Oooh! Oooh!”

Ndikati, “Ndiri kufanira kuzova kuno nekusingaperi?”

“Nekusingaperi.”

<sup>132</sup> Ndakati, “Oh Mwari, kana Mukandibuditsa muno, ha—ha—handichazombonyara neMi zvakare. Handichazombonyare. Mwari, ndapota mundipewo mukana.”

Chekutanga munoziva, ndakatanga kuzvinzwa ndichidzoka kumusoro. Chiremba akavhunduka, nokuti moyo wangu wakanga wave kurova kagumi nenomwe paminiti. Ndakanga ndarasikirwa neropa rangu rose nezvose, ndakanga ndivete muropa rangu. Zvino ndakafunga kuti, rimwe zuva zvaizoitika?

<sup>133</sup> Makore angaita maviri apfuura, pandakatamira kuTucson, ndaiva nemudzimai wangu zasi kwaJ.C. Penney. Ndaiva ndakagara ikoko *sezvizvi*, uye ndakatsikitsira musoro wangu, ndakamirira. Nokuti, munoziva zvinoita, madzimai, vanotenderera muchitoro kwenguva refu. Zvino ndakanga—ndakanga ndakagara ipapo, musoro wangu wakatsikitsira *sezvizvi*. Zvino muchina wemasitepisi waingunouya uchikwidza. Zvino hapo pakauya vamwe vemadzimai ava kumusoro, nevhudzi rakagerwa bhobho, munoziva, sezvavanoita, *sezvi*. Vachiuya nawo maziso akapendwa saizvozvo. Zvino vaitaura chiSpanish. Uye ndizvozvo. Zvose (chiratidzo) zvakaitika zvakare. Hezvo pazvaiva, “Oooh! Oooh!”

<sup>134</sup> Hama, hanzvadzi, regai ndikutaurirei chimwe chinhu. Zvinogona kuita sedambe iye zvino, asi paunongosvikako. Chinhu chokurevesa. Usambofa wakaenda nenzira iyoyo.

<sup>135</sup> Ini, semurume akwegura, mushumairi, ndakaparidza pasi rose, ndikaita mamiriyoni eshamwari, asi ndinoziva kuti ndinofanira kumira nemi mhiri. Ibvai kuzvinhu zvenyika. Uye kana paine chimwe chinhu mauri, chekuti unoda kuramba uchiiita nemuitiro wauri kuita, kana uine zvinhu zvenyika mauri, rangarira, hausi waMwari zvachose. Ungori nhengo yechechi, kusvikira kudana uku; pakadzika, pachidanira Pakadzika. Maona?

<sup>136</sup> Sokuti, pasati pava nezenze pamusana pehove, paifanira kuva nemvura yekuti iyo ikwanise kutuhwina mairi, kutanga, kana kuti hayaizombova nezenze.

Pasati pava nemu—muti unomera panyika, paifanira kuva nenyika kutanga, kana kuti paisazova nemuti wekuti unomera pairi. Paisazova nechikonzero chekuti muti, urame pamwe chete nevhu renyika.

<sup>137</sup> Pasati pava nezvisikwa, panofanira kuva neMusiki. “Vakaropafadzwa avo vane nzara nenyota yekururama.” Maona? Pane chimwe chinhu matiri. Wasimudza ruoko rwako nguva pfupi yapfuura, “Ndinoda kuwedzera kuva naMwari.” Maona? Pane chiri kudiwa.

Zvino kana uchida nyika, uchienda nenzira iyoyo, zvinhu zvenyika, kunoendwa nenyika iwe unoenda, uye pakuwa uchadarowo. Maona? Budai. Muri vanakomana nevanasikana vaMambo, Mambo. Iva mudzimai kwaye nemurume kwaye. Fambai seMakristu. Raramai seMakristu. Zvibatei seMakristu. Rangarirai, ndichasangana nemi paChigaro cheKutongwa nemashoko aya. Maona?

<sup>138</sup> Tarisa muchiringiriro chako, manheru ano, uone. “Ndakanangepi? Ko Jesu ari kundigadzirira nzvimbo here, mutumbi? Mutumbi iwoyo wakakwana. Mutumbi iwoyo unofamba muhurongwa. Mwanakomana kana mwanasikana pamberi paMwari. Zvino ndiri mumarwadzo ekuzvara *muno*, kuzobarwa mumutumbi iwoyo ikoko. Kana ndichiri kuda nyika, zvinondiratidza kuti (handisi) handina mutumbi ikoko. Ndingori nhengo yekereke. Ndanga ndisiri chizenga chaMwari. Handisi. HaVasi Baba vangu.”

<sup>139</sup> Akati, “Kana usingagone kugamuchira kurangwa,” ndiko kwauri kuwana iye zvino, “zvino muri vana vehupombwe, kwete vana vaMwari.” Handizvo here? [Ungano inoti, “Ndizvo.”—Mupepeti.] Bhaibheri rinodaro here? [“Ameni.”]

Kana usingagone kugamuchira kurangwa kwaMwari, paunona Gwaro richikuisa mugwara, iwe woti, “O, handidi kunzwa Zvinhu izvozvo. Ndi—ndiri Mukristu. Ndinoita...” Zvakana. Enderera mberi. Maona? Chinhu chimwe chete chinonyatsoratidza kuti hausi mwana waMwari.

Asi mwana chaiye waMwari ane nzara nenyota. Sei? Kana paine chimwe chinhu mumoyo mako, chiri kukuudza kuti uri kuchida, uye chinoda kuvapo, zvinoratidza kuti pane chiri kudairira, chiri kuedza kukudhonzera ikoko. Pane mutumbi uriko, uri kufananidzirwa *newyu*. Uri kushandisa uno yu kuitei, kusimudzira dhiyabhorosi nenyika, uye nemafashoni nezvose? Wakatarisa Kudenga here, kune chimwe chinhu ikoko, uri kubwinyisa Mwari nehupenyu hwako here?

*Mumba maBaba vangu munenzvimbo zhinji dzokugara: dai kusava kudaro, ndingadai ndaikuidzai. Zvino ndinoenda kunokugadzirirai pokugara.*

*...ndinozouyazve, ndikugamuchirei kwandiri; kuti apo pandiri, imi mugovapowo.*

<sup>140</sup> *Zvinhu Zvichazovapo.* Zvinhu izvi zviripo zvino, zvingori rubatso, runodanira kuzvinhu zvichazovapo.

Ngatinamatei.

<sup>141</sup> Fungai zvakadzama. Muchadaro here, shamwari Makristu? Fungai zvakadzama zvirokwasvo, kwechinguvana. Ngatinyararisei kwechinguvana. Regai Mweya Mutsvene ataure.

Zvino, Ishe Jesu vakanditumira kwamuri imi vanhu vePentekosti, kare-kare. Heunoi mumwe wevakomana venyu akauya kuzoita mufudzi wenyu, akati, “Akabuda kubva mushumiro.” Akaona Ishe Jesu vachivhura meso emapofu; “kuita kuti,” akati, “misoro yakazvimba izere mvura ichiserera.” Ndichiine masevhisi ekunamatira varwere. Asi ndinocherechedza kuti ndakanamatira vanhu vakawanda vairwara zvikuru. Vakapodzwa. Ishe vakapindura munamato, ndokupodza varwere. Asi, munoziva, vamwe vevanhu ivavo, vakapodzwa, vakatofa. Zvino hazvina basa kuti uri kurwara zvakadini, kana ukapodzwa, uchazongofa, zvakadaro.

Asi mweya iwoyo, hama yangu inokosha, mweya iwoyo, hanzvadzi yangu inokosha, haungafunge pamusoro pawo here zvino? Ndewe munaZiendanakuenda. Kana rudo rwaMwari irworwo rwusimo, hapana chiri kudhonza, haungakumbire Mwari here, “O Mwari, ndivambe, patsva, manheru ano. NdinoKudai, Ishe. Ndinoda kuti ndiKudei. Uye chimwe chinhu chiri mumoyo mangu chinondiudza kuti ndinofanira kurarama pedyosa neMi. Ndinoda kuuya, iye zvino, Ishe, ndozviita?” Kana munhu iyeye kana vanhu vari muchivakwa chino kana kunze kwechivakwa chino, ndinokukumbirai, semuranda waKristu, nemuZita raJesu Kristu, uchangoti here, wakakotamisa musoro, wosimudza ruoko rwako kunaMwari wotaura izvi, “Mwari, ndiunzeiwo pedyo, nepedyo, Mwari vanodikanwa. Ndinoda kupinda mugwara rezvese zvaMunazvo muShoko reNyu?” Simudzai maoko enyu. Zvino nyatsotendeseka. Chingozvifunga.

<sup>142</sup> Zvino, vanoti, “O, ndakaita *izvi*. Ini, ndakadanidzira, muMweya. Ndakataura nendimi. Asi, tarirai, pane chisimo muupenyu hwangu. Ndikatarisa muchiringiriro cheShoko raMwari, ndinoziva kuti pane chimwe chinhu. Ndinoenda kucheche, asi handisi zvandinofanira kuva.” Maona? Zvinoratidza, chimwe chinhu.

Zvino, kana ukagona kuzvitarisa woona kuti hauna kupinda mugwara neShoko raMwari, uye hapana chiri mauri chichakonzera kuti usimudze ruoko rwako, zvino unoziva kuti pane chakatsveyama. Unacho. Pane...Amai vaisiti, “Haugone kuwana ropa kubva mutunipi, nokuti hamuna ropa mairi.” Maona? Zvifungei, zvakananyatsa kudzama. Uno unogona kunge uri mukana wako wekupedzisira. Maoko makumi

matatu, makumi mana asimudzwa, boka diki rino, kunyange kuvafundisi.

<sup>143</sup> Chingodzika mai kwechinguva. Zvino fungai zvakatwasuka. “Mwari anodikanwa, ndinogona kuurayiwa, manheru ano, mutsaona. Ndinogona kufa nekumira kupomba kwemoyo. Mamwe emangwanani aya, ndinogona kudana chiremba, ouya, uye hana yangu yorovera kure-kure; ndaenda. Ndakadzimikira dama rangu pamapiro, ndichidanidzira, ‘O Mwari! O Mwari! O Mwari!’” Maona? Moyo iwoyo uri kurova kekupedzisira. Wava kuuya kuMukova mukuru uya. Haumbofa wakabuda kunze kwekunge wakaberekwa patsva neMweya waMwari. Haumbofa wakabuda kunze kwekunge paine chimwe chinhu mauri, mushure mekunge waberekwa neMweya waMwari, uine nzara nenyota yekuenda mberi naMwari. Zvinofanira kudaro. Maona? Uri mwana ari panyika, ari muchibereko chenyika, achakamirira kuberekwa kupinda muHumambo hwaMwari, uko kwaAkaenda kunokugadzirira mumwe mutumbi, unova mutumbi wakakwana.

Zvino fungai zvakadzama, uye ngatinamatei pamwe chete.

<sup>144</sup> Mwari vanodikanwa, sekuziva kwandinoita kuti izvi zvakaiswa pamapeji eBhuku, Nhorooondo huru! Takapinda musainzi, Ishe, zvakakwana kutimutsa, kumazvirokwazvo ekuziva kuti kufamba kwese kwatinoita kunoramba kuchitenderera pasi rose, nguva imwe chete yatinozviiita. Tinazvo paterevhizheni. Tinocherechedza, Baba, kuti terevhizheni haigadzire mufananidzo, inongofambisa bedzi ma—masaisai muchubhu inogadzira mufananidzo. Kunyange mavara ehembe dzatakapfeka, inoratidza mumasaisai eether emumhepo, kufamba kwemasaisai kuchitenderera nyika. Zvino zvinodini hanzvadzi dzedu dzine hembe idzodzo, dzichiita saizvozvo, vasitomborina kana nenzara; meso akapendwa, nokugera vhudzi?

Vashumiri vanoenda kufundo dzebhaibheri, neimwe seminari, “Votora zvinhu zveshoko remunhu, zvinoita kuti, kubudikidza netsika dzavo, zvinoita kuti mirairo yaMwari ishaye simba pamusoro pevanhu, nokuda kwetsika dzavo,” vachiti vanofanira kuva vechechi, uye ndizvo zvega.

O Mwari, vanocherechedza here kuti shoko rimwe nerimwe ratinotaura, richiratidzwa nesainzi, rakarekodhwa? Uye rinotanga patinotanga kurarama panyika pano. Yopera patinofa, yoiswa painochengetwa naMwari, kuti izoratidzwa zvakare paKutongwa.

Tichakupunyuka sei, kutongwa kwaMwari, kana chinhu chacho chakanyatsa kuiswa pachena mberi kwedu asi tinongoRiramba zvakadaro?

O Mwari vanodikanwa, Mashoko aya haafe. Anoramba achienda mberi nekuenda mberi. Rekodhi richaridzwa

paZuva reKutongwa. Maona maoko aya asimudzwa, Baba. Zvichava ipapo paZuva reKutongwa chaipo. Kunyangewo, zvanga zvichifungwa nemoyo yavo, zvichange zviripo paZuva reKutongwa.

<sup>145</sup> Zvino, Baba, Mwari, ndinoKukumbirai, semuranda weNyu, ndinonamata kuti Mubvise kusarurama kwese kubva pavanhu veNyu. *Kusarurama*: chimwe chinhu chatinoziva kuti tinofanira kuita, asi torega kuchiita. Dhavhidhi akati, “Kana ndiine kusarurama mumoyo mangu, Mwari havapindure minamoto yangu.” Ndinonamata, Mwari, kuti Mubvise kusarurama kwedu, nokuti Shoko renyu ndiro girazi reNyu rekuona rinotiratidza kuti tiri kupotsa zvakadini kuti tive vanakomana nevanasikana vaMambo. Baba, ndinonamata kuti Muzviite, manheru ano.

<sup>146</sup> Zvino iitei artari, nokuti artari yakazara nevanhu. Zvino iitei artari, ipapo pachigaro chavakagara, itai moyo yavo artari. Dai nyika yabva pahama imwe neimwe, hanzvadzi iri muno. Uye dai chizenga chidiki cheUpenyu, chizenga chaMwari chatichangobva kutaura nezvacho, pfungwa iya yakadzika kubva kunaMwari, uye ikaratidzirwa pano kupa mbiri nekubwinyisa Mwari. Mwari, bvisai nyika kubva kwairi.

<sup>147</sup> Vamwe, handigone kunamata, Ishe, nokuti “urwere uhwu ndewekusvika pakufa,” uye hapana chiripo chinogona kuvazunguza. Asi avo vanogona kubatikana, voziva kuti handizvo, vochenesa moyo nemweya yavo, manheru ano, Baba. Uye dai vazadzwa neMweya weNyu, nokufamba muChiedza cheNyu.

<sup>148</sup> Ropafadzai mufudzi vanodikanwa, wechidiki, akagwinya, anoratidzika kuve akasimba pano, Ishe. Mujaya uyu, akarunzirwa, ataura kuti, nezvaakaona Muchiita. Mujaya akanaka uyu, O Mwari, tungidzai moyo wake nemoto. Zvitenderei, Ishe. Dai akava mufudzi wechokwadi, zvachose, nguva dzose, kuti ape kudya kumakwayi aakachengeteswa neMweya Mutsvene. Zviitei, Ishe. Dai akasatendeukira kurudyi kana kuruboshwe, pashaye mukana wechitendwa chipi zvacho, pasave nechimwe chinhu kunze kweShoko raMwari risina chakawedzerwa rakabuda pamuromo pake, uye iRoro bedzi. Muropafadzei, Mwari, iye nevadikanwa vake, nekereke yake duku pano. Ivai navo vose, Baba.

<sup>149</sup> Ndinokumikidza izvi kwaMuri, Baba. Mbeu yadyarwa. Dai Ikawira pambeu dzakatemerwa kuUpenyu, dzikudze Makristu makuru, akasimba kuitira ungoro ino, nedzimwe ungoro kwavanobva. Zviitei, Ishe. Ndinoikumikidza kwaMuri, nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

Zvino, Baba, “Akakuvadza nokuda kwekudarika kwedu, akarwadziwa nokuda kwezvakaipa zvedu; kurohwa kwakatiunzira rugare kwakanga kuri pamusoro paKe; uye nemavanga aKe takapodzwa.”

<sup>150</sup> Ndaona kufamba kupinda nepasuwo, chinguva chipfupi chapfuura, mudzimai anonzvisa urombo asina kugadzikana. Uye, O Mwari, kupinda mumhuri yake, zvinhu zvikuru zvakadini zvakaitika, kuti MakaZviratidzira zvakadini! Ndinonamatira, mudzimai uyu, Mwari. Bvisai zvose zvakapfuura, zvehupenyu, Ishe, mumupodze manheru ano. Muchadaro here, Ishe? Mutorei kwaMuri.

<sup>151</sup> Honai, vana vadiki vagere kuno, Ishe, vamwe, vanoda kupodzwa. Ndinonamata kuti muvapodze, Baba. Zviitei. Dai simba reNyu guru rekupodza rauya kuzotipodza, zvose pamweya nepanyama.

<sup>152</sup> Uye zvino, kunemi zvino vari mukereke muno, kana panze, vanoda kupodzwa, ndinoda kuti usimudze ruoko rwako, woti, “Ndinoda kupodzwa, Hama Branham.” Zvinoita sokuti munhu wese anoda. Zvakanaka. Muchatenda here kuti ndiri muranda waKristu? Itii, “Ameni.” [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Zvino, ndinoda kuti muturikane maoko mumwe pamusoro pemumwe. Ingoisai maoko enyu mumwe pamusoro pemumwe. Imi masimudza maoko enyu, vari mukati kana kunze, masimudza maoko enyu, kuti muri vatendi munaMwari.

Jesu Kristu akati, murairo yaKe yekupedzisira kuKereke, “Endai munyika yose, muparidzire zvisikwa zvose Evhangeri. Uyo anotenda. . . Uyo anotenda akabhabhatidzwa achaponeswa. Asi asingatendi achatongwa. Zviratidzo izvi zvichatevera vanotenda; vachabuditsa mweya yakaiya nemuZita raNgu; vachataura nendimi itsva; vakabata nyoka kunyange vakanwa chinhu chinouraya, hachingavakuvadzi; asi, vachaisa maoko pamusoro pevarwere, vagopora.” Zvino, Jesu akadaro. Rangarirai, Akazvitauro. Zvinofanira kudaro. Angadai asina kuzvitauro kunze kwekunge paizoita munhu anokwanisa kugamuchira Shoko iroso.

Sechibereko chaMaria chakakwanisa kugamuchira mbeu, “Mhandara ichabata mimba.” Semuti wemupalm wakakwanisa kusikwa, muti wemuoki pachikomo, Shoko raKe rakazviita.

Shoko raKe rinogona kupinda mumoyo mako iye zvino. “Ndiri mutendi, Ishe. Murume uyu kana mudzimai wandiine maoko angu paari, vari kutambudzwa. Handisi kuzvinamatira. Nokuti, vari kundinamatira. Ndiri kumunamatira mudzimai, kana murume uyu. Uye, O Mwari, podzai murume, podzai mudzimai. Zvino ndiri mutendi, uye zvino takaungana. Tichangobva mukudzidziswa kuti taiva naKristu paAkafamba panyika, nokuti tiri chikamu cheShoko raKe. Takarwadziwa naYe. Takajuja ropa pamwe naYe. Takafa naYe. Tikavigwa naYe. Takamuka naYe, uye tigere munzvimbo dzeKudenga munaKristu Jesu. Mambo mukuru akagara muno pakati pedu, uye ini ndiri mwanakomana kana mwanasikana waMambo uyu. Zvino ndakaisa ruoko rwangu pamwanakomana kana

mwanasikana waMambo, ari kundinamatira, uye ndiri kuvanamatira. Zvino, Ishe, pindurai munamato wangu, mupodze mwanakomana uyu waMwari kana mwanasikana uyu waMwari.”

Pamwe chete, ngatinamatiranezi zvino.

<sup>153</sup> Ishe Jesu, tinouya zvakaninipa, tichireurura zvitadzo zvedu. Tinouya, tichipupura kuti takakodzera hurwere nerufu, nekusuwa, asi tinogamuchira yananiso yeNyu yezvivi zvedu nehurwere hwedu. Zvino, manheru ano, ava vanakomana nevanasikana vaMwari, vagere muno, vanonzwa Shoko regadziridzo, uye vachisimudza maoko avo, vachida kufamba pedyosa nemi. Vakaisa maoko mumwe pamusoro pemumwe zvino nokuti vanotenda Shoko reNyu kuva chokwadi. Vanotenda kuti takamutswa pamwe naKristu zvino, tigere munzvimbo dzeKudenga pamwe naYe. Vakaisa maoko mumwe pamusoro pemumwe, vachinamatirana.

Makati, “Munamato wekutenda uchaponesa vanorwara, uye Mwari uchamumutsa; uye kana akamboita chivi, achachiregererwa. Reururiranai kudarika kwenyu, nokunamatirana, kuitira kuti mugoporeswa. Nokuti kukumbira kwemunhu wakarurama kune simba pakubata kwako.” O Mwari Vokusingaperi, inzwai kunyengetera kwevaranda veNyu.

Uye zvino, kwakanyorwa zvakare, “Kana vanhu, vanodanwa neZita raNgu, vakazviunganidza pamwe chete, vonamata; zvino Ini ndichanzwa kubva Kudenga.” O Mwari, inzwai munamato wevana veNyu manheru ano, kubva Kudenga. Tumirai Mweya Mutsvene paungano ino, semhepo inovhuvhuta zvinesimba. Zvino tinounza vanhu ava pamberi paMwari.

<sup>154</sup> Satani, wakundwa. Uri munhu akakundwa. Jesu Kristu akakukunda paKarivhari. Hauna simba. Uri munyengeri. Tiri kudanira ruoko rwako, manheru ano. NemuZita raJesu Kristu, buda kubva muvanhu ava muno, iwe hurwere nehosha. Uye ngavaende, vakasununguka, nemuZita raJesu Kristu, Mwanakomana waMwari.

<sup>155</sup> Hareruya! Inzwa kubwinya kwaMwari! Inzwa kupindurwa kwemunamato wako. Nnotenda kuti Mwari vapindura munhu akagara newe? Vangani vanozvitenda? Simudzai maoko enyu. [Ungano inopembera—Mupepeti.] Hezvo kwamuri. O, zvinoshamisa!

NdinoMuda, ndi . . .

Makasimudza maoko enyu zvino, Muimbirei, nemoyo wenyuwese.

Nokuti Akatanga kuda . . .

Uri kurevesa here, nemoyo wako wose zvino?

<sup>156</sup> Vangani venyu vari kunzwa kuti Mwari varegerera kuipa kwenyu, zvinhu zvamakaita? “Zvino kubva pausiku

huno zvichienda mberi, O Gwayana raMwari, ndinovimbisa kufamba zvakarurama. Ndinofamba mukuremekedza Zita randinodanwa, Mukristu, hupenyu hunenge hwaKristu. Ndichasimudza maoko angu, Mwari. Ndinozvipira zvakare kwaMuri, manheru ano. Ndichafamba muChiedza.” Amenii.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakaisvonaka,  
Ngachiuve apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chipenye kwese kwakatipoteredza, masikati  
nepausiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakaisvonaka,  
Chinouya apo madonhwe edova . . .

KwaAkaenda kunotigadzirira nzvimbo.

Chipenye kwese kwakatipoteredza, masikati  
nepausiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Huyai, imi vatsvene vose veChiedza danai,  
Jesu, Chiedza chenyika;  
Zvokwadi netsitsi muZita raKe,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Saka tichadini zvino?

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakaisvonaka,  
Chinouya apo madonhwe edova retsitsi  
akajeka;  
Chipenye kwese kwakatipoteredza, masikati  
nepausiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

O, haunzwe kukweshwa wacheneswa here, kunzwa zvakana? [Ungano inoti, “Amenii.”—Mupepeti.] O, ini zvangu! Ngatikwazisanei maoko, patiri kuimba zvakare.

Tichafamba muChiedza, Chiedza  
chakaisvonaka,  
Chinouya apo . . . (Mwari vakuropafadzei,  
hama.) . . . retsitsi akajeka;  
Chipenye kwese kwakatipoteredza, masikati  
nepausiku,  
Jesu, Chiedza chenyika.

Ngatingovharai maziso edu torwuimba mahon’era. [Hama Branham neungano vanotanga kuita mahon’era *Jesu, Chiedza CheNyika*—Mupepeti.] Tichazvibata sevana. Tiri vana.



O, Chiedza chakaisvonaka,  
 Uye Chinouya apo madonhwe dova retsitsi  
 akajeka;  
 O, chipenye kwese kwakatipoteredza, masikati  
 nepausiku,  
 Jesu, Chiedza chenyika.

HaMumude here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

Kutenda kwangu kunotarisa kwaMuri,  
 Imi Gwayana reKarivha- . . .

Chingovhara meso ako urwuimbe. Namata muMweya.

Muponesi woKudenga;  
 Zvino ndinzwei pandiri kunamata,  
 Bvisai zvivi zvangu zvose,  
 O ndiitei kubva nhasi  
 Ndiva weNyu chose!

Pandinofamba muninga yehupenyu ine rima,  
 Uye marwadzo achindikomberedza,  
 O, Ivai Mutungamiri wangu;  
 Rairai rima rive masikati,  
 Pukutai mubvise kutya kwemarwadzo,  
 Musandirega ndichirasika  
 Kubva parutivi rweNyu.

<sup>157</sup> O, ini zvangu! Ndinoziva kuti ndingori munhu wechinyakare. Ndinoda . . . Ndinofunga kuti zvinopfuura kutevedzera, kutsva kwerock-and-roll, kwakadamburwa-damburwa, kunokwezva, nemamaera miriyoni. Vaya vananyanduri vakare vakanyora nziyo dziya, Mweya Mutsvene wakabata chinyoreso chiya, votanga kunyora. O, ini zvangu! Ndinofunga Eddie Perronet nevamwe vose; vakuru! Fanny Crosby:

Musandipfuura, O Muponesi akanyorova,  
 Inzwai kuchema kwangu kwakaninipa.

<sup>158</sup> Imwe nguva vaiedza kumutora. Haana—haana kuita sevana Elvis Presley vechiPentekosti, kutengesera hudangwe hwake kumota dzeCadillac dzisina maturo. Iye . . . Vakauya kwaari vachida kuti anyore—anyore nziyo dzemunyika. Iye akati, “Handingambozviiti, nyangwe zvodini.”

Akati, “Zvino, uri bofu. Pauchasvika Kudenga, uchaMuziva sei?”

Akatendeuka, kufemera, saka akati:

NdichaMuziva, ndichaMuziva,  
 Zvino ndakadzikinurwa parutivi rwaKe  
 ndichamira;  
 NdichaMuziva, ndichaziva (Sei?)  
 Nemavanga ezvipikiri mune aKe . . .

Nokuti, “Kana ndikasaMuona, ndichabata ruoko rwaKe.”

NdichaMuziva, ndichaMuziva,  
Zvino ndakadzikinurwa parutivi rwaKe  
ndichamira;

NdichaMuziva, ndichaMuziva  
Nemavanga ezvipikiri mune maoko aKe.

<sup>159</sup> Hazviite kuti uMude here? Akaenda kunotigadzirira nzvimbo! “Zvino Ndikaenda kunogadzira nzvimbo, Ndichadzoka zvakare, kuzokugamuchirai kwaNdiri.”

<sup>160</sup> Vana vadiki mumarwadzo zvino, teerera! zvakare mirawu yaMwari. Zvino mufudzi, pano, kana pasina mumwe wenyu akabhabhatidzwa, mvura ichagadzirirwa. Uye—uye hunhengo kucheche, kana chero chaunoda kuita, kana chipi zvacho, iwe zviite. Hauna rubhabhatidzo, Mweya Mutsvene, uno ndihwo husiku hwekuUgamuchira. Hauzvitende here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.]

<sup>161</sup> “O,” unoti, “Hama Branham, nguva yapera. Maparidza nguva yakarebesa.”

Pauro akaparidza usiku hwese, umwe usiku, Mharidzo yakafanana neino. Uye mumwe mudiki... Mujaya wechidiki akadonha kubva padziro ndokuzviuraya. Zvino Pauro, akanyatsa kuzodzwa neMharidzo yakafanana neiyoyo, akaradzika mutumbi wake pamusoro pemujaya, zvino hupenyu hukadzoka maari zvakare. Achiri “Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi nokusingaperi.”

HaMumude here? [Ungano inoti, “Ameni.”—Mupepeti.] Chingoregai, kamwe chete zvakare, takasimudza maoko edu, “NdinoMuda. NdinoMuda.”

Anoridza piano aripi? Hapo, kana muchida, hanzvadzi, chero ani. Tipei kodhi diki yacho, kana mungadaro.

Vangani vanoMuda? Chingosimudza ruoko rwako. Iti, “NdinoMuda chaizvo. NdinongoMuda, ne—nemoyo wangu wose. NdinoMuda.”


<sup>162</sup> Zvino regai tingorwuimba, kuitira kubwinya kwaMwari. Zvino, meso edu akavharwa, maoko edu akasimudzwa Kudenga, “NdinoMuda. NdinoMuda.” Tiri kunamata. Paunoparidza, nokucheka, nekubvarura, nekudhonza saizvozvo, uyu ndiwo mushonga unodirwa naMwari, unotongopodza. “Pane Mushonga muGireadhi, wemoyo.” Ngatirwuimbei zvino. Tipei kodhi yacho.

NdinoMuda, ndinoMuda  
Nokuti Wakandida kutanga  
Ndokutenga ruponeso rwangu  
Pamuti weKarivhari.

<sup>163</sup> Zvino kana... “Naizvozvo vanhu vose vachaziva kuti muri vadzidzi vaNgu, kana muine rudo, mumwe kune mumwe.”

Ndizvozvo. Kana tikasagona kudanana isu vanoona, ko tichazoda sei Mwari Uyo watisingagone kuona?

NdinoMuda.

<sup>164</sup> [Hama Branham vanotaura neimwe hama papuratifomu—Mupepeti.] Mwari vakuropafadzei. [Hama inoti, “Kuva pano manheru ano ruremekedzo rukuru rwunobva Kudenga.”] Maita henyu, hama. [“Zvakaisvonaka chose.”] Zvino, ndinofunga kuti kereke, munhu wese, asimbiswa. Hamudaro here? [“Hongu. Zvirokwazvo.”] Mwari vakuropafadzei, Hama Boone. Ndichapira ungano kwamuri. Mwari vakuropafadzei. 

*ZVINHU ZVICHAZOVAPO* SHO65-1205  
(Things That Are To Be)

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Svondo manheru, 5 Zvita, 1965, paFirst Assembly Of God muRialto, California, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2015 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE  
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. BOX 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)

## Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS  
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.  
[www.branham.org](http://www.branham.org)